Іэщіагъэ яхуэхъунмрэ къыхахыфынрэ хуэдэу

2-нэ нап.

Зеикъуэ и тыдэ-щрихабзэ фоешхэр

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Борэн Инал псоми ятокIуэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№137 (24.575) ● 2023 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 16, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Сабийхэр Іуэрыіуатэм драгъэхьэх

4-нэ нап.

ЗэфIагъэкIамрэ къапэщылъымрэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм илъэс блэкIам къехъулIахэр къыщапщыта, дызыхуэкIуэ илъэсым зыхуагъэувыж мурадхэм щытепсэлъыхьа эзIущIэ иригъэкIуэкIащ. Зэхуэсым кърихьэлIащ щIыналъэ Правительствэм хэтхэмрэ муниципальнэ Іуэхущ1ап1эхэм я унафэщIхэмрэ.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, КIуэкIуэ Казбек жиIащ: «Дэ къалэн нэхъыщхьэу диIэр 2023 гъэм яухын хуей уху эныгъэхэр и кIэм нэдгъэсынырщ. Къинэмыщ1ауэ, 2024 гъэм дызэлэжьыныхэми дегупсысыпхъэщ. Жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ уху эныгъэхэр кьахэдгъэхъэунущ абыхэм. Ящыныкъуэ лэжьыгъэхэм щIналъэхэм дыщытепсэлъыхьауэ щытащ, адрейхэр - щIэуэ кьхьэдгъэхьэнущ. Къуэнэхуну илъэсым и бюджетыр ящ кьеджэгъуэм пхькIащ, етIуанэ кьеджэгъуэм ирихьэлIэу зэхъуэжьыныгъэ гуэркэр хьэзыр мэхъу, ди фейдэ хэльуи, 2024 гъэм мыхьэнэ нэхъ зэттыну лъэныкъуэхэм дриплъэжьын хуейщ».

Утыкум къыщыпсэлъащ Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий. Абы къызэуэсахэр щыгъуазэ ищIащ дызэрыт илъэсым яIэ ехъулIныгъэхэм.

2023 гъэм и мазибгъу блэкIам къызэрагъэпэгъуэмкIэ, республикэр мыпхуэдэ ефIэкIуэныгъэ мардэм тетщ: промышленностыр - процентэ 102,5-рэ, мэкъумэшыр - процентэ 109,9-рэ, ухуэныгъэр - процентэ 109,8-рэ, сатум щызекIуэ мыпкуур - процентэ 109,2-рэ, щIыхуэхэм Іэхутхьебзэ яхуэщIэныр - процентэ 114,2-рэ, улахуэ яIэрыхьэр - процентэ 106,2-рэ, улахуэ ягъэувыр - процентэ 112,7-рэ, ар щIышIэ-шыщхьэуIу мазэхэм хэриубыдэу сом 38153,2-рэ мэхъу. Республикэм и бюджетым щIышIэ-жэпуэгъуэ мазэхэм я зэхуакум хэхъуэу процентэ 111-рэ къигъэлъэгъуащ, хэхъуэм техуэ налогыр - процентэ 140-рэ, НДФЛ - процентэ 113-рэ, Іэхущ1ап1эхэм я мылькум техуэр - процентэ 110-рэ.

Правительствэм хэтхэм унафэ щхьэхуэхэр хуащIащ, зэпыщIэм къыщаIэта Іэхуэхэр гъэзэщIэным теухуауэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1эм къызэриратмкIэ

Я къалэнхэм хъарзынэу полъэщ

Урысей Федерацэм Къэрал статистикэмкIэ и федеральнэ къулыкъум и управленэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэм иджыблагъэ къитащ 2023 гъэм и щIышыIэ - фокIадэ мазэхэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщIэ социально-экономикэ щытыкIэр зыхуэдэр.

АБЫ къызэрыхэщымкIэ, дызэрыт илъэсым и яп1э мазибгъум республикэм и промышленнэ индексым процентэ 102,5-кIэ хигъэхъуащ. Псалъэм къыдэкIуэу, щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр къыщIэхьныжьмкIэ - процентэ 100,1-кIэ, машинэ зэпкърыл1хьэн Іэнат1эмкIэ, ерыскъыхэкIхэм елэжьыныжьмкIэ, химиемрэ, дорбэзэр промышленностхэмкIэ, псэуалъэлхъэ къыщIэгъэкIыныжьмкIэ, н.кь. - процентэ 100,8-рэ. Апхуэдэуи хэхъуэ яIэу кьагъэлъэгъуащ электрокъаруукIэ, газкIэ, хуабэкIэ Іэухущ1ап1эхэр, унагъуэхэр къызэзыгъэпэщ, хьэуар зыгъэкъабзэ Іэнат1эхэм - процентэ 106,3-кIэ.

Нэхъ хуэмыхуакъым псыкIэ къызэзыгъэпэщ, псы кьагъэсэбэпар Іузыш, кIэрыхубжьэрыхуэр зэщIэзыкъуэу идзыпIэхэм зыгъэIэпхъуэ, уэрамхэр, пщIантIэхэр зыгъэкъабзэ, лэжьакIуэхэри - процентэ 108,0-кIэ ехъулIащ я къалэнхэм.

ЗэужьэрэкI лэжьыгъэхэр

Псалъэм папщIэ, дызэрыт илъэсым зэрыщIдзэрэ пхъэщхьэмышIхэ жыгъыщIэхэм ирагъэубыдащ гектар мини 150-рэ. Республикэм езыр зрикъужьын пхъэщхьэмышIхэ жыгъыщIэу, сертификатхэр яIэу, ику иту мелуани 2,8-рэ хуэдиз зы илъэсым кьеГжьI. Абыхэм я нэхъыбэр мыIэрысэрэ кхъужьрэщ.

Жыгъыщ1э щIыкIуэкIр иджырей Іэмалхэм тету кьагъэкI икIи яIэ фIагъэкIмкIэ хамэ къэралхэм яйхэм кьакIэрыхуркъым. Абы къыдэкIуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым абыхэм щIэныгъэ мелуаным нэблагъэ нэгуэщI щIыналъэхэми яхурегъашэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ЗэфIагъэкIамрэ къапэщылъымрэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм илъэс блэкIам кьехъулIахэр къыщапщыта, дызыхуэкIуэ илъэсым зыхуагъэувыж мурадхэм щытепсэлъыхьа эзIущIэ иригъэкIуэкIащ. Зэхуэсым кърихьэлIащ щIыналъэ Правительствэм хэтхэмрэ муниципальнэ Іуэхущ1ап1эхэм я унафэщIхэмрэ.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, КIуэкIуэ Казбек жиIащ: «Дэ къалэн нэхъыщхьэу диIэр 2023 гъэм яухын хуей уху эныгъэхэр и кIэм нэдгъэсынырщ. Къинэмыщ1ауэ, 2024 гъэм дызэлэжьыныхэми дегупсысыпхъэщ. Жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ уху эныгъэхэр кьахэдгъэхъэунущ абыхэм. Ящыныкъуэ лэжьыгъэхэм щIналъэхэм дыщытепсэлъыхьауэ щытащ, адрейхэр - щIэуэ кьхьэдгъэхьэнущ. Къуэнэхуну илъэсым и бюджетыр яп1э кьеджэгъуэм пхькIащ, етIуанэ кьеджэгъуэм ирихьэлIэу зэхъуэжьыныгъэ гуэркэр хьэзыр мэхъу, ди фейдэ хэльуи, 2024 гъэм мыхьэнэ нэхъ зэттыну лъэныкъуэхэм дриплъэжьын хуейщ».

Утыкум къыщыпсэлъащ Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий. Абы къызэуэсахэр щыгъуазэ ищIащ дызэрыт илъэсым яIэ ехъулIныгъэхэм.

2023 гъэм и мазибгъу блэкIам къызэрагъэпэгъуэмкIэ, республикэр мыпхуэдэ ефIэкIуэныгъэ мардэм тетщ: промышленностыр - процентэ 102,5-рэ, мэкъумэшыр - процентэ 109,9-рэ, ухуэныгъэр - процентэ 109,8-рэ, сатум щызекIуэ мыпкуур - процентэ 109,2-рэ, щIыхуэхэм Іэхутхьебзэ яхуэщIэныр - процентэ 114,2-рэ, улахуэ яIэрыхьэр - процентэ 106,2-рэ, улахуэ ягъэувыр - процентэ 112,7-рэ, ар щIышIэ-шыщхьэуIу мазэхэм хэриубыдэу сом 38153,2-рэ мэхъу. Республикэм и бюджетым щIышIэ-жэпуэгъуэ мазэхэм я зэхуакум хэхъуэу процентэ 111-рэ къигъэлъэгъуащ, хэхъуэм техуэ налогыр - процентэ 140-рэ, НДФЛ - процентэ 113-рэ, Іэхущ1ап1эхэм я мылькум техуэр - процентэ 110-рэ.

Правительствэм хэтхэм унафэ щхьэхуэхэр хуащIащ, зэпыщIэм къыщаIэта Іэхуэхэр гъэзэщIэным теухуауэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1эм къызэриратмкIэ

Бахъсэн къалэ администрацэм и Іэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим иджыблагъэ Іущ1ащ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и тренер, Налшык къалэм дэт Сабий стадионым и унафэщI Къардэн Анзор.

АБЫХЭМ зрагъэщIащ Бахъсэн щаухуэ школыщIэм кьедза щIыпIэхэм щекIуэкI уху эныгъэхэр здынэсар икIи иужькIэ тепсэлъыхьжащ ялъэгъуахэр кьаззрыщыхъуам.

Мамхэгъым къыхигъэщащ спорт Іэхущ1ап1эу кьалэм дэтхэм кьыхагъэхъуэну мурад зэрапIэр. Кьардэн Анзор тепсэлъыхьащ Налшык и Сабий стадионым щрагъэкIуэкI спорт лэжьыгъэм, Іэрыщ1 топджэгу губгъуэм зэрыкIэлъыплъ щIыкIэм, ар нэхъыбэрэ зекIуэн папщIэ щыIэ Іэмалхэм.

Фигу кьэдгъэкIыжынщи, «Школыщ1э» лъэпкъ проектым и «ЕГъэджэныгъэ» федеральнэ проектым ипкъ иткIэ Бахъсэн кьалэм еджапIэщIэ щаухуэ, тIысипIэу 1224-рэ иIэу. Лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIыну я мурадщ дызэрыт илъэсым и кIэм ирихьэлIэу.

Бахъсэн кьалэм щIэблэр спортым щыхуагъэхъэзыр и Іэхущ1ап1эхэм ящыщу нэхъыфIхэм хабжэ Щауэ Іэхъед и цIэр зезыхьэ еджапIэр. Ар кьыщызэIуахэр 2005 гъэрщ. Иджыпсту абы сабийхэр щыхуагъасэ самбэм, футболым, дзюдом, стIолыщхьэ теннисым, регбим, спорт бэнэкIэм, тхэкIондом.

Спорт еджапIэм йокIуалIэ гуп нэхъыщхьэм хэту цIыху 212-рэ, резервым щыщу 110-рэ. Абыхэм гъэсакIуэ 12 иIэдажьэ. Спорт еджапIэм и унафэщIыр Гугу Ислъамщ.

БЭТОКЪУЭ Албэч..

Зэ1ущ1э щхьэпэ

Республикэм и губгъуэхэм еужьэрэкIыну щрагъэкIуэкI иджыпсту зи чэзу лажьыгъэхэр. Мэкъумэш хозяйствэмкIэ министерствэм къызэриратмкIэ, бжьыхьэсэр и кIэм нагъэблэгъащ. Гъавэр зыхащIэну абы хухаха щIы гектар мин 65-м щыщу нобэкIэ я лэжьыгъэхэр щызэфIагъэкIащ гектар мин 64-м.

ЗЭРЫХАБЗЭУ, ди щIыналъэм бжьыхьэм нэхъыбэу щыхасэр гуэдзырщ. Мы гъэм абы ирагъэубыдащ гектар мин 47,3-рэ. Хьэм хухахащ гектар мин 11,2-рэ, рапсым - гектари 5,1-рэ, щхъуантIэу Іащым ирагъэшхыну Іусыпхъэхэм - гектар 0,5-м нэблагъэ.

Республикэм и мэкъумэшыщIэхэм кьагъэсэбэп жылапхъэхэр ГОСТ-мкIэ щыIэ мардэхэм кьотIасэ, фIагъ лъагэхэр яIэщ.

Апхуэдэуи щIыналъэм щоужьэрэкI жыгъыщIэхэр хэсэным ехьэлIа лажьыгъэхэми. Псалъэм папщIэ, дызэрыт илъэсым зэрыщIдзэрэ пхъэщхьэмышIхэ жыгъыщIэхэм ирагъэубыдащ гектар мини 150-рэ. Республикэм езыр зрикъужьын пхъэщхьэмышIхэ жыгъыщIэу, сертификатхэр яIэу, ику иту мелуани 2,8-рэ хуэдиз зы илъэсым кьеГжьI. Абыхэм я нэхъыбэр мыIэрысэрэ кхъужьрэщ.

Жыгъыщ1э щIыкIуэкIр иджырей Іэмалхэм тету кьагъэкI икIи яIэ фIагъэкIмкIэ хамэ къэралхэм яйхэм кьакIэрыхуркъым. Абы къыдэкIуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым абыхэм щIэныгъэ мелуаным нэблагъэ нэгуэщI щIыналъэхэми яхурегъашэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ЗэужьэрэкI лэжьыгъэхэр

Псалъэм папщIэ, дызэрыт илъэсым зэрыщIдзэрэ пхъэщхьэмышIхэ жыгъыщIэхэм ирагъэубыдащ гектар мини 150-рэ. Республикэм езыр зрикъужьын пхъэщхьэмышIхэ жыгъыщIэу, сертификатхэр яIэу, ику иту мелуани 2,8-рэ хуэдиз зы илъэсым кьеГжьI. Абыхэм я нэхъыбэр мыIэрысэрэ кхъужьрэщ.

Жыгъыщ1э щIыкIуэкIр иджырей Іэмалхэм тету кьагъэкI икIи яIэ фIагъэкIмкIэ хамэ къэралхэм яйхэм кьакIэрыхуркъым. Абы къыдэкIуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым абыхэм щIэныгъэ мелуаным нэблагъэ нэгуэщI щIыналъэхэми яхурегъашэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Совет Союзым и ЛIыхъужь Хьэбэч Умар

● Лъэпкъ Іуэху

Къэрэшей-Шэрджэсым икIа щIыхь гуп иджыблагъэ щIыхьэщIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Тэрч щIыналъэм хьыхь Дей жылэм.

ЦIЫХУ мини 5-м щIигъу щыпсэу адыгэ къуажэшхуэм и уэрамхэм ящыщ зым фIащащ Къэрэшей-Шэрджэсым и Хьэбэз районым ихьы Малый Зеленчук (Ботэщей) къуажэм къыдэкIа, Хэку зауэшхуэр ирихьым зы мазэ нэхъ имыIэжу, Австриеми и къалащхьэ Вен1э хуит къыщащIыжьым хэкIуэда, Совет Союзым и ЛIыхъужь Хьэбэч Умар и цIэр.

Хьэбэч Умар, щхьэмыгъаззу биим ебгъэрыкIуэу, лIыгъэшхуэ хэльащ. ЗэрагъэхъыбарыжамкIэ, абы Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр кьратыну мызэ-мытIэу кьагъэлъэгъуауэ щытащ. Ар Умар къызэрыхуагъэфэщэнум зауэ Іэнат1эм къыдыIутхэм ящыщу зыми щэч хэмыхьэрэтекIым.

Сэ, Дэбагъуэ Хьэтыз, 2004 гъэм Австриеми сыкIуауэ, ди хэкуэгъу лIыхъужьым и кхъащхьэм сыбгъэдэтащ, а къэралым и щыхьэр Венэ хуит къащIыжу хэкIуэда совет сэлэтхэм я цIэхэр зытратхам деж. Абы къыщрабжэкIхэм ящыщу Хьэбэч Умар ейр 23-нэщ. КIэлъатхьажа псалъэри мыращ: «Гвардии капитан, Герой Советского Союза Хабеков...». Кьыхагъащар и унэцIэ къудейр аращ, и цIи, и адэцIи теткым.

Ди лъэпкъэгъуэ зауэм хэкIуэдащ, лIыхъужьыщIэр къызэрыхуагъэфэщам иригушхуэу, ар хабзэкIэ щIэзыгъэбыдэ тхылъыр кьыщыгъэрыхьажьным пэплъэу. Ауэ ди жагъуэ зэрыхъунщи, абы теухуа дэфтэрэр кьуплькъущIэ гуэрым и «кьыдэгъэжьым» кьыдэнэри, Хьэбэч Умар зыхэта дзэ пакIэм кьыIэрагъэхьэжакъым.

ЛIыхъужьыщIэм щыхьэт техъуэ тхылъыр кьыдальхуаухэм кьыщратыжар... 1990 гъэрэщ, зауэр зэриухэр илъэс 45-рэ дэкIауэ. Мыбдежым кьыщIытхъа хьэбарым, дауи, псори щыгъуазэу кьыщIэкIынукъым. А псоми кьыхэкIыу, Хьэбэч Умар хуэфащэц и цIэр дапщэщи Къэбэрдей-Балъкъэрми Къэрэшей-Шэрджэсми щагъэльэпIэну.

Апхуэдэ гупсысэкIэ си гум кьыщыщIэрыуэжауэ, гъэзу сытекIэн ипэ кьыхуэр Интернетым и Википедием сихьэри, зэзгъэщIащ Хьэбэчхэ куэду зыдэс адыгэ къуажэжьым (Тэрч щIыналъэм щыIэм) и къекIуэкIыкIар. Абыи кIэщIу и гугъу тщIынщ.

Мэртэзэйм, е, лъэхъэнэ блэкIаэм зэрыжаIэу щытыгъауэ, «Муртазино» кьуажэм теухуа хьыбарэхм яIэу дыщрихьэлIэр 1740 гъэхэм зэжальхьа урыс дафтэрхэрщ, нэхъ тегъэчынауэ щытIэмэ, геодезист Чикаговым и Іэдакъщ1экI «Описание Большой и Малой Кабарды» и тхылъыр. Ар тегъэщIапIэ ящIами хэт ищIэн, ауэ зи гугъу тщIы кьуажэм и кьежьапIэу хьэкъыпIэкIэ кьалъытэр 1740 гъэращ. XIX лIащIыгъуэм и кIэхэм мы жылэр хьэблиплI хъурт: Мэртэзей, Жагъыщей, Кьуныжьей, Шыгуэней. Кьуажэм зэрихьэу къэгъуэгурыкIуар и хьэблахэм ящыщ зым зэреджэу щыта «Муртазино» цIэр арат.

XIX лIащIыгъуэм ехьэлIа тхыдэм къызэрыхэщыжьмкIи, Урыс-Кавказ зауэр екIуэкIыну, жылэр хэкум ирагъэкIкъым щахэхуа лъэпэнэти, кьэхъеи емынэ узым хуабжьу игъэмэщIауэ щытащ кьуажэдэсхэм я бжыгъэр.

1876 гъэм а жылэм пэмыжьижьу гъущI гъуэгу пхрашри, абы егъэщIылIа станци щащхуащ. ЩIыгъу зыIэщIэлъа Муртаз пщым и фэеплъу зи гугъу тщIы а къуэвыIэпIэм «Муртазово» фIащащ. Илъэс куэд дэкIри, совет лъэхъэнэр иджыри екIуэкIыну, а щIыпIэм къыщыунэхуащ «Тэрч» («Терек») зыфIащыжа къалэ цIыкIурэ.

1920 гъэм совет властыр Къэбэрдейм ГъаззимыIэу щыщагъэувым, Налшык округым и революцэ комитетым и унафэкIэ, зи фIэщыгъэм пщы-уэркъ гъущIэхэр къыхэщ адрей кьуажэхэми ещхьу, мыбыи, и бгъумкIэ щежэх Дей псы цIыкIум къыптрагъэIукIри, къыхуагупсысащ зэреджэ хьун цIэ - «Дейское» жиIэу.

Нобэ кьуажэм и къуэпIэ лъэныкъуэр хьэкъыпIэкIэ хыхьэжащ Тэрч къалэм къуэкIыпIэмкIэ щыIэ и хьэблэхэм.

Къэрэшей-Шэрджэсым икIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым кIуэну гъэзгу техьа гупым ди пашэт Хьэбэч Умар и куэушым и къуэ, ЛIыхъужьым и Дышэ Вагъуэмрэ и саугъэт тхылъхэмрэ щахъумэ унэм и хэгъэрей,Ботэщей кьуажэм и имам Хьэбэч МуIэед. Километр 200-м щIигъу зэпытчу, Мэртэзей дыщынэсам, дыгъэри кьыкъуэкIри, махуэри кьызэщIэрыуат.

Ботэщейрэ Мэртэзейрэ дэс Хьэбэчхэм я гугъу тщIыпэрэ, гъэзгум хэдгъэщIащ. Хьэбэч МуIэед сызэрыщигъэгъуэзамкIэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и Малый Зеленчук (Ботэщей) кьуажэм Хьэбэчхэ ящыщу унагъуэ 17 дэсщ. Мэртэзей Хьэбэчхэр хуэдэ зыбжанэкIэ нэхьыбэщ.

Дей къуажэм

Шэджагъуэ хуэгъаза хьуауэ цIыхухэр къыщызэхуэсащ Хьэбэч Умар и фэеплъ пхъэбгъур (мемориальная доска) здыкIэралъхьа уэрамым и щIэдзапIэм дэж.

Дауэдапщэхэм щIамыдзэ щыкIэ, псалъэ зыбжанэ жезгъэIащ лIыхъужьым и цIэр уэрамым фIэщыпIэм хэлIыфIыхьа мэртэзейдэхэу Хьэбэчхэ Іэсхьэдрэ Заурэ. Абыхэм сызэрыщагъэгъуэзамкIэ, фэеплъ пхъэбгъур и ІэрыкIщI сурэтыщI Іззэ, мыпхуэдэ пхъэбгъуэр Іэкlуэлъакlуэу зыгъэхьэзыр, а Іуэхум хуэгъэзауэ уней Іуэхущ1ап1э зиIэ Къэрэжь Артур.

ЦIыхум и гъащIэм куэдрэ кьыщымыхъу дауэдапщэ къызэрымыкIуэм ехьэлIа пэкIум кьакIуэлIащ Дей жылэ администрацэм и Іэтащхьэ Алтъхэщ Виталий, Зауэм, гъащIэдэкIым, хабзэхъумэ Іэнат1эхэм я ветеранхэм я Тэрч щIыналъэ советым и унафэщI Ащыжь Владимир, районым и Жылагъуэ палатэм и тхъэмадэ КIэрэф Мурадин, Хьэбэчхэ я лIыкIуэкIр, кьуажэдэхэр.

Къызэхуэсахэм мусылымэн хабзэм тету дыуэ яригъэщIащ Инжыдж Іуфэ ІусБотэщей кьуажэм и имам Хьэбэч МуIэед.

Къэпсэлъахэм кьыхагъэщащ Совет Союзым и ЛIыхъужь Хьэбэч Умар Къэрэшей-Шэрджэсым къыщалъхуам, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мэртэзей кьуажэм дежкIи зэрымыхамэр. Ар кьалъытэ мы жылэм дэс Хьэбэчхэ я кьуэу. ЛIыхъужьым и цIэр къэбэрдей адыгэ къуажэм и уэрамхэм яIэщIэ зым зэрыфIащам езы мэртэзейдэсхэри щыгуфIыкIащ, пщIэшхуэ зыпылъуи ящащ-хъуащ.

ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ.

Хьэрычэт зыщIэхэм зыщIагъакъуэ

Ди къэралым и унафэщIхэр хущIокъу хьэрычэтщIакIуэхэм я Іуэхур сыт и лъэныкъуэкIи зэрыдэкIыным. Абыхэм субсидиехэр къыхуатIыпщ, къатехуэ Іэмал зэриIэкIэ ягъэмащIэ, лэжьэн щIэзыдзагъащIэхэм ар пIалъэкIэ щхьэщахьпэ.

ПСОМ хуэмыдэу апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэхэр иратащ Іэщ зыгъэхъу, хуабэщхэр зыхуэз, жыг хадэшхуэхэр зыгъэкI къуажэдэс куэдым. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкIэм куэдкIэ елъытащ хъэрычэт зыщIэхэм я псоркIэр егъэфIэкIуныжьрэ ди къэралым и экономикэм игъуэтыну зыужьыныгъэмрэ. Псалъэм папщIэ, илъэс зыбжанэ ипэкIэ къуажэ хадэхэм хуабэщ зэкъуэтIакъуэ фIэкIа щыпIагъэртэкъым, апхуэдэу мащIэт пхъэщхьэмыщхьэ хадэшхуэ зиIэхэри. Иджыпсту республикэм къыщыгъэтыгъуейщ щIы зиIэу абы темыгъэжьых, фейдэ къытезымыхъ унагъуэр.

Къэралым гуэдзэрыпсэухэм яхуищI гулъытэм иджыблагъэ иджыри зы кьахэхъуащ: къэпщытакIуэ, хабзэхъумэ Іэнат1эхэм я лэжьакIуэхэм, ятпэхэм хуэдэу, хьэрычэтщIакIуэхэм ямылейуэ я нэIэ трагъэтынукъым. Иджыблагъэ къралым къищта апхуэдэ унафэр хуэунэтIащ зи щхьэр зыпIыж, къралым и мылъкум хэлъхьэныгъэфI хуэзыщI хьэрычэтщIакIуэхэм я Іуэхум нэхъри зегъэужьынымрэ егъэфIэкIуэнымрэ. Абы куэдкIэ елъытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэдгъэкIуэнымрэ.

Урысейм и Правительствэм къищта законопроектым ипкъ иту хьэрычэтщIакIуэхэр къапщытэну хуит щащIынур аxэр зэлэжьым е къыщIагъэкIым ныкъусаныгъэ щхьэхуэхэр иIэу сэтей къэхъуа нэужьщ, а зыхуэмыхъуныгъэхэр икIэщIыпIэкIэ ягъэзэкIуэжьын папщIэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Гу зылъытапхъэ

ТекIуэныгъэм и щIыхькIэ

Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъум зэрызыхуагъэхьэзыр Іуэхуэм ихьэу, «Победадобра.рф» зыфIаща урысейпсо хэзыгъэгъуаз интернет-портал къызэрагъэпэщащ. Абдеж егъэджанэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэм къыщагъэлъэгъуэфынущ ирагъэкIуэкI Іуэху дахэ 80-м нэс.

IУЭХУМ хьыхь хъунущ егъэджакIуэхэри, еджакIуэхэри, абыхэм я адэ-анэхэри. Абыхэм я кьалэну щытынур псапэ зыпылъ, сэбэп зэрыхъу я Іуэхущ1афэхэм видео трахыну, зи гугъу тщIа поштэлым мазэ къэс кьралъхьэныгъ. Курыт еджапIэхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм къыщынэмыщIа, видеонэтынхэр трауху хъунущ щIыпIэм мыхьэнэшхуэ иIэу щекIуэкI Іуэхугъуэхэми.

НэхъыфIу лэжьа гупэхэр щIыхуэхэм Іэлэткlэ кьыхрагъэхьжьынущ. ТекIуэхэм сом мин 500 иратынущ, адэкIи я лэжьыгъэм пащэфын папщIэ. Апхуэдэуи саугъэт лъапIэхэмрэ Накъыгъэм и 9-м и щIыхьклIэ ягъэхьэзыра тыгъэхэмрэ Іуэхум хэта псоми иратынущ.

Абы уэзрыхэтыну щIыкIэр **www.superdeti.org**. сайтым къыщыхьащ. Зэпеуэм уэзрыхэтынымкIэ тхыгъэр щэкIуэгъуэм и 30 пщIондэ егъэхьын хуейщ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъэ.

Демидов Александр и къулыкъущIэ

Урысейм и ФСИН-м и унафэщI Гостев Аркадий КъБР-м щIыIэ я къулыкъущIап1эм унафэщIу ягъэувар абы щылажьэхэм яригъэщIыхуащ.

ВИДЕО-конференц зэпыщIэныгъэм тету екIуэкIа зэIущIэм хэтащ республикэм и Іэтащхьэр, къэрал властым и гъэззощIакIуэ органхэм я унафэщIхэр, Управленэм и гупыр. Республикэ УФСИН-м и унафэщI къулыкъур дзыхь хуащIащ къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник **Демидов Александр**.

Гостев Аркадий зэрыжиIащи, Демидовым уголовнэ-гъэззощIакIуэ Іэнат1эм лэжьэн щыщIидзащ 1998 гъэм. Тезырхэр щагъэззэкIуэж Іэхущ1ап1эм и хэущакIуэ ротэм и взводым и командиру иригъажьэри, Урысей ФСИН-м и щIыналъэ Іэнат1эм и унафэщIым и къуэдзэу лэжьащ.

- Къулыкъум пэрыувам къыпэщытщ дзыхь къыхуащIа Іэнат1эхэм я щытыкIэр зригъэщIэну, Управленэм и гупым я къалэнхэр зыхуэя хуэззу ягъэззощIакIуэ къызэригъэпэщыну, - къыхигъэщащ ведомствэм и Іэтащхьэм.

Урысей ФСИН-м и унафэщIыр щхьэхуэу тепсэльыхьащ гулъытэ хэха зыхуэщIапхъэ Іэухуэм, абы я лэжьакIуэхэр зэщIэжьауэ, хабзэ яхэлъу щытын зэрыхуейм.

Гостев Аркадий къыхигъэщащ тезырыр щагъэззэкIуэж Іэухущ1ап1эхэм лэжьапIэ Іэнат1э нэхъыбэ къыщыдзыIах зэрыхъуар икIи щIэупщIэ зиIэ хьэпшыпэхэр къыщIэгъэкIыныр, властым и органхэр зыхуэныгъэхэр и Іэну ехъулIныгъэхэр яхуэщIэныр, абы зыхъумэжьныгъэ-промышленнэ комплексым ифI зыпылъхэри хихьэу, къызэгъэпэщыныжьмкIэ хэкIыпIэхэр кьаззрыдзкIуэр.

УнафэщIым жиIащ кьаппщIт кьалэнхэр зэфIэхьыныр, хабзэхъумэ Іэнат1эхэмрэ властым и органхэмрэ ядалэжьынымкIэ зэрыхуэхьэзэрыр.

А кьалэнхэм язщ, 2024 гъэм щIышылэм и 1-м щыщIдзаеу зэщIыгъуу пхагъэкIын хуей «Урысей Федерацэм суд унафэкIэ тезыр зэщIыгъаразхэм я къуандшагъэхэр зэрырагъэзэкIуэжыну щIыкIэхэм ятеухуауэ» Федеральнэ законым и Іыхьэ хэхахэр гъэззощIэныр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ уголовнэ-гъэззощIакIуэ Іэнат1эм властым и органхэр адэкIи зэрыдалэжьэнур икIи щIэупщIэ зиIэ хьэпшыпэхэр къыщIэгъэкIыныр, властым и органхэр зыхуэныгъэхэр иIэну ехъуэхъуащ.

Демидов Александр Урысей ФСИН-м и унафэщIхэм ф1ыщIэ яхуищIащ апхуэдэ дзыхь къызэрыригъэзэам папщIэ, икIи жиIащ республикэ УИС-м къыпэщыт кьалэнхэр зэфIэхьыныр, хабзэхъумэ Іэнат1эхэмрэ властым и органхэмрэ ядалэжьынымкIэ зэрыхуэхьэзэрыр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Хьэрычэт зыщIэхэм зыщIагъакъуэ

Ди къэралым и унафэщIхэр хущIокъу хьэрычэтщIакIуэхэм я Іуэхур сыт и лъэныкъуэкIи зэрыдэкIыным. Абыхэм субсидиехэр къыхуатIыпщ, къатехуэ Іэмал зэриIэкIэ ягъэмащIэ, лэжьэн щIэзыдзагъащIэхэм ар пIалъэкIэ щхьэщахьпэ.

ПСОМ хуэмыдэу апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэхэр иратащ Іэщ зыгъэхъу, хуабэщхэр зыхуэз, жыг хадэшхуэхэр зыгъэкI къуажэдэс куэдым. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкIэм куэдкIэ елъытащ хъэрычэт зыщIэхэм я псоркIэр егъэфIэкIуныжьрэ ди къэралым и экономикэм игъуэтыну зыужьыныгъэмрэ. Псалъэм папщIэ, илъэс зыбжанэ ипэкIэ къуажэ хадэхэм хуабэщ зэкъуэтIакъуэ фIэкIа щыпIагъэртэкъым, апхуэдэу мащIэт пхъэщхьэмыщхьэ хадэшхуэ зиIэхэри. Иджыпсту республикэм къыщыгъэтыгъуейщ щIы зиIэу абы темыгъэжьых, фейдэ къытезымыхъ унагъуэр.

Къэралым гуэдзэрыпсэухэм яхуищI гулъытэм иджыблагъэ иджыри зы кьахэхъуащ: къэпщытакIуэ, хабзэхъумэ Іэнат1эхэм я лэжьакIуэхэм, ятпэхэм хуэдэу, хьэрычэтщIакIуэхэм ямылейуэ я нэIэ трагъэтынукъым. Иджыблагъэ къралым къищта апхуэдэ унафэр хуэунэтIащ зи щхьэр зыпIыж, къралым и мылъкум хэлъхьэныгъэфI хуэзыщI хьэрычэтщIакIуэхэм я Іуэхум нэхъри зегъэужьынымрэ егъэфIэкIуэнымрэ. Абы куэдкIэ елъытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэдгъэкIуэнымрэ.

Урысейм и Правительствэм къищта законопроектым ипкъ иту хьэрычэтщIакIуэхэр къапщытэну хуит щащIынур аxэр зэлэжьым е къыщIагъэкIым ныкъусаныгъэ щхьэхуэхэр иIэу сэтей къэхъуа нэужьщ, а зыхуэмыхъуныгъэхэр икIэщIыпIэкI

● ДиФІ догъэтъапІэ

Псальэр зи Іэпэгъу

Нэхъыжьыфым и щапхъэр фащэ зыхуэхъу цІыхум хуэдэу нэхъ ехъулІа щыІэу къыщІэкІынкъым. Ящэ итахъм фІэлІыкІ ІамэІ, я дуней тетыкІэрэ цІыху щыкІэжІэ ґъуэзэ пщІы хъуну щытамэ, къакІэлыкІуэ щІэблэхэм ахэр ґъуэгурЫэльагъуэ яуэхъуныр гъашІэм кІыгъуэ Іуэхъугъуэхэм ящыщ. Ар фІыґъуэшхуэщ, сыту жьпІэмэ цІыхуфІым и лъэужьыр зэпычыкІа щІэблэхэмкІэ уахъутыщ мэхъу, зи ужь ита Іуэху щхьэпэхэм къапылъщэн, ипэкІэ зыґъэкІуэтэн дунейм къытоно.

«ХАБЗЭЖЬ хэкужь къранэркъым», – жаІэ ирагащІэми адыґэхэм. Абы къикІыр фІыуэ кІагурыуэрэ зи адэжь жьэґур зыбґынэу хьэжрэту хьхьэжа къэбэрдей адыґэ унагъуэ минхэм. Ґуґъуэхь кІэнщэхэм ґуащІэмащІэ ящІами, щыщІэнІыгъэ мыухжьхэм яхьэжами, къызыхэкІыр и хабзэ нэхъ дахэ дыдэхэр къаззэрытещІыкІым икІи къызэрыдалъагъуным хущІэкъурт псэуныґэр щІыпІэщІэхэм щІэзэтезыублэж къэбэрдей хьэжрэтхэм. Дэнэ ахэр къыщыщІимыдзар: бґыльэхэм чыззэкІэлэ унэхэр щагъэувырт, даущ зи цІэ здэщымыІэ къуэнэфхэм бжэґъуэльэр щыхатІэрт, зы псыхъуэм дэжІэрэ адрей псыхъуэм дыхьамэ, лъабжьэщІэ ґъэтІылъным хуеужьэрэкІырт, арщхьэкІэ псори пІалъэт, псори кІэщІт. Ауэ дэнэ щІыпІэ къыщымыхутами, адыґагъэр яхуэмэрт, гущІэґъу зыхагъэІэт, ґуґъуехьым лъэґущІэтын зрагъэщІыртэжьым. Хуитынигъэмрэ зэкъулъагунЫэмрэ ґаащІэу япкърытти, сыт хуэдэ ґуґъуехьри хъымпІар ямышІу дагъахэрт. Арагъэнущ тІуащІэдэс къэбэрдейхэм хьэжрэтхэм псыхъэ щІратыр, «я хьэлу Іыхьэр бжьизкІэ нэхъыбэщ» жаІэу пщІэ щІыхуащІыр. Апхуэдэу ІэґъуущІыґъэр зи зэхэзекІуэу щыта, иужькІэ иджыйрей Адыґэ Хэкум щетІысхъыжьхэм ящІыщІ Быжьэ я унагъэри. Куэщхьэблэ зыбґІащІыжа къуажэм Быжьэр щыунагъэшхуэт, щыунагъуэ дахэт. Лабжьэ Іуфэр зэкъущІэзыхуэхуэ унагъуэм и цІэр нэхъри жьижьэ игъэІуат Хьэжрэт – псыхъуэм и нэгу щІэкІа зэхэзекІуэр гум иремыхуж жьыхуаІэу унагъуэм а цІэ хьэлэмэтыр зыфІащІа щІалэ цІыкІум.

Хьэжрэт цІыкІу лъагэтэкІэщ, ауэ псоми къахэщІыкІ. ІэґъуэбрЫэкъым кІыхьамэ, зэуэ гу къыльатэрт, апхуэдизкІэ абы и псальэрэ и ущиерэ кІалъхьэуэу ґубзыґэ зти икІи набдзэґубдзапльэти. ЗэхэщыкІ лъагэ иІэт, куууэ хэпльэрт, жьижьэ нэпльысырт. ЕґъэлеяуэІ цІыху пэжт, захуащІэт, абыкІэ цІыхубэр къыдихьэхырт. Джаур зауэжьмэ и арахъуанэм ирихьа лъэпкъым къыхэнэжа машІэм хуэсакъын зэрыхуейр зыдищІэжу, сыт хуэдэ чэнджэщ цІыхум ящиныхьэлІэми, зым хуэщъхьэпэу, адрейм щхьэкІэ щІыхьэу зэфІихыртэкъым Іуэхур, атІэ лъэныкъуитІри арэзы зытехъэун унафэ къахуигъэтУфырт. Тепщэу аратэкъым, ауэ и псальэм къару иІэти, цІыхухэм я Іуэхур абы ирагъэлІэрт.

Нэхъыжьхэм я деж щІэзэихыжами, езым и нэгу щІэкІами, щІэм бэлыхь иІэти, Іуэрыґуатэшхуэ гукІэ зэрихьэрт. Абы нарт тхыдэжьрэ ґІыхъуэжь хъыбарыжьу, уэрэдыжьрэ пшынальэу Іуэрыґуатэхтэхэм ярґъэтхъакъым ґуныи нэзи иІэкъым. Къэрдзнгъуэ Іыграмыкъу ирихьэлІащ а лІыфІым, икІи дапщэщи Іэщ Іагъэмщыхуурагъаджэ «Билет в будущее» федеральнэ проектыр фокІадзэм и пэм щегъэжьауэ щокІыжкІ ди къэралым. Махуэку къэс 6-11-нэ классхэм щІэс ныбжьыщІэхэм зы жьыпхъэм итУ хуэзэпхъан щыІэ Іэщ Іагъэхэр, абыхэм я щхьэхуэныґъэхэр, апхуэдэуи цІыхум зриґъэґуэт Іэщ Іагъэмкіэ жьлагъуэм увыпІэ хэха зэрыщІэґъэтыр гурагъаІуэ. Урысей Федерацэм ЕґъэджэныґъэмкІэ и министерствэм ищІа унафэм ипкъ иткІэ, мы Іуэхур дерс нэуэкъым драґъэкІыжІыу аращ ныбжьыщІэхэм.

«РОССИЯ – мои горизонты» зыфІаща махуэку дерсхэр сыхьэт 34-кІэ екІуэкІынущ. АпщІондэжу школаклІуэхэм я къащІэнчуэ Урысейм экономикэ, промышленность, тмэхъмэщ, иджырей технологие, ерзэджэныґъэ, спорт, нэґъэщІ лъэныкъуэхэмкІи зы Іэриґъэхьа ахъуІэныґъэхэр, ар къызэзыхьа цІыху цІэрыІуэхэр, ахэр зыпэрыт Іэнатіэ ґъэщІэґъэныґъэр. Школым щІэзэхамыхауэ ныбжьыщІэхэм я пэу къащІэнчуэ ехъулІэныґъэхэр зыхуэдэр, ди къэралыр пашэ щыхъуа унэтІыныґъэхэр, апхуэдэуи езыхэр дзэныхьэх Іэнатіэр ящґъунэжну Іэмал яІэнущ. Нобэ дызыхэпсэукІ зэманыр хъапщтэмэ, фейдэ нэхъыбэ къызыпэкІуэ Іэщ Іагъэхэр, дяпэкІэ нэхъ зыщыжьыну Іэнатіэхэр зыхуэдэр хуэзэпкрах цІыкІухэм.

Проектыр зэхэзыльхьаХэм зэрыхуаґъэфащэмкІэ, зы ґъэ ебжэґъуэм кІэриубыдэу ныбжьыщІэр зыхуейр къыґурыуэнущ, Іэщ Іагъэ зэмылІэужьыґъэхэр ирагъэльагъуклІэрэ, гурагъэІуэхэр фІыуэ ильагъуу зыпэрытын лъэжьыґъэм хуэкІуэнымкІэ сэбэп хъунущ.

● ЩІэзблэм - гулъытэ

Іэщ Іагъэ яхуэхъунур къыхахыфын хуэдэу

«Иджыйрей лъэхъэнэм къытхуиґъэув кІалэнхэр къэпльытэмэ, курыт еджапІэхэри экономикэ зыужьныбґъэм и зы Іыхьэу щытын хуейщ. Ар школаклІуэхэр пасэу кІыхьаныну Іэщ Іагъэм домыґъэхьэху кІоХъулІэныкъым. Школыр кІэщІдухкІэ, зыхуэІ лэжьыґъэм хуэхъэзыру щытын хуейщ сабийр, абыкІэ щІэныґъэ нэхъыщхьэ зригъэґъуэту пэрыуВэн хуэдэу. Аращ махуэку дерсхэр зыхуэдэр хуэзэпкрах цІыкІухэм.

Ежьджакіуэхэр, навигаторхэр, сабийхэм зэрадзэлэжьну псори ди сайтым къарыуэтэнущ. Нэхъыбэ къэзыхуэІуэ хуей щыкІуэхри щыламэ хъунущ абы», - жеІэ «Билет в будущее» федеральнэ проектым и унафэщІ Есин Иван.

Зи гуґуу тщІы Іэхуур «Егъэджэныґъэ» лъэпкъ проектым и «Сабийм и ехъулІэныґъэр» федеральнэ проектым хохьэ. Къэрал псом хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрри хьыкащ мы Іэхуум икІи курыт еджапІэхэм махуэку къэс дерс хэха щокІуэкІ.

Къэбэрэзыльэгъуэмэ, ди республикэм щыщу курыт еджапІэ 234-рэ проектым хэтщ, ныбжьыщІэ мин 35-рэ дерсхэм щолажьэ. Школым щекІуэкІ дерсхэм я мызакъуэу, ныбжьыщІэхэр Іэхуущ Іапэ зэмылІэужьыґъэхэм зыпІэлъыхьакІуэ яІэ (апхуэдэу 14-м зэґурыІуэныґъэ ирашІапІащ), Іэщ Іагъэ Іэпей пашэхэм, цІэрыІуэ хуэхэм хуагъазэ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ хуагъэхьэзыр балигъ хъумэ, ирилэжьэну и псэм нэхъ фІэфІыр къыхэкІынущ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Ди щІыпІэхэр

Зеикъуэ и тхыдэ-щэнхабзэ фэеплъхэр

Илъэс мин бжьыґэ хуэдэу Іуащ Іыкъэмахуэ лъапэ къыщежьэ Бахъсэныжьыр Іэуэльэуэ йожэхри, пхрож Зеикъуэ. Абы лъандэрэ псым и Іэґъуэблагъэм зихьэужьэ зпыту къокІуэкІ. Мы псыр псальэу щытатэмэ, къокІуэкІа псом Іуэрыґуатэ и закъуэ мыхъуу, щІэныґъэ и лъэныкъуэкІэ хуэщ щыхьэт техьуэфынну къыщІэкІынт. Дауи, мыбы гъэщІэґъэну дэлъар мымащІэ, илъэс мин бжьыґэ хуэдэу цІыхухэр щискІэ мы щІыналъэм.

ЗЕИКЪУЭ фІэщыґъэр къуажэцІэ зэрыхъужрэ куэд щІакъым. Ирыгъэсащэм щхьэдэхэ къудейщ. Абы иПэ кІыхуэу ми Іэхэлъахэм щІэзбґрпхъауэ бґыщхьэм исащ Дымэнкъуейр, Хьэмґъурокъуейр, Къэзанокъуейр, Бжьахъэкъуейр, Борейр, Зыхъткъуейр, ПщацІыкІуейр. Ахэр псори Хьэґлохъуцо-къуэпщым и жьлэт. Бґыльэ защІэкІэ ущыжьэкІуэ мэхъу мы щІыпІэм, псынэр щґыґъэнэкщ. Къуажэзэхуэхуэ нэужьым, бґыльэм ерыгъэкІри, псыхъуэм дагъэтІысхьащ цІыхухэр. Зейр ґъунэжу къыщыкІ къуэхэм язым и цІэр - Зеикъуэр, жьлэцІуэу иратыжащ абыхэм.

Зэпымыууэ мы Іэхэлъахэм цІыху сыт щыґъуи зэрисам и щыхьэт нэсщ къуажэм зэрыщІэкІыр ирикІуэм ижьырабґъэкІэ къытет Иныжьыкъхэр. Апхуэдэущ ар къуажэдэхэм зэращІыхур. Апхуэдэущ ар Іэпей щІэзэрыщІыхуэ я ґъэпсынкІэ. А псор зэрыпсалъэ бзэм хэлъ тельыджэхэращ бзэщІэныґъэм и уасэр къэзыІэтыр. Еши щхьэхи имыщІэу Быжьыр зыпэрыт Іуэхум и ґъэсэнхэм зыкІэрыщІадаІыґарэ уэрыґшхуэ хъунщ. Зари и инафэм щІэту кандидат диссертацыу 10 ятІхащ.

ЦІыхуэхр я фэкІэ зэрызэмыщхьым хуэдэу, я ґъэуґуанэкІи зотехуэркъым. Уегупсыс зэрыхъунмкІэ, и гуращхэм ерыщу хуэкІуэрэ зытехьа лъаґъуэм темыплъэкъуэкІыу кІуэм и ґъэуґур кІыхьщ икІи зэмыфэґъуэ – абы удимыхьэхьнкІэ Іэмал иІэкъым. Быж Зарэ апхуэдэ ґъэуґу теґу къыпщІэкъуэри, и къарур илъу, и лъэр щІэкІыу, и хъуэпсапІэхэм ялъэІэрэ и ехъулІэныґъэхэм лъэпкъыр лъагэу иІэту иджыри дяпэ узынІшэу куэдрэ итыну дохъуэхъу!

ТАБЫЦ Мурат,
«Адыґэ псальэ» газетым и щІэныґъэ обозреватель.

Теплъэ дахэ игъуэтащ

Налышх къыщагъэщІэрэщІэж гулъытэншэу къэнаэу зэманкІэ щыта Іуэхущ Іапэ куэд.

ІУЭХУ пыухыкІахэр щызэфІаха Совет лъэхъэнэм яуха унэу Іэщ Іыб ящІыжакъэм ноби къалащхьэм ящІрохьэлІэ. Ахэр, зэрыхабзэу, мылъку зыбґъэдэлъхэм ящхэукрэр, зыхуей хуагъазэ, иужькІэ езыхэм къагъэсэбэпын хуэдэу. Апхуэдэущ нэхъыбэу къыщІэзІуэх шхапІэхэр, сату щІапІэкэр, щІыхуэкъ Іуэхутхъэбзэ щыхуащІэ унэхэр...

Лермонтовымрэ Яхэґуаэмрэ я щІэхэр зезыхъэ уэрамкъм я кІэух зэхэкІыпІэм хуэзэу тет унэ зэтетымрэ абы и гупэм къит унэ инымрэ зэманыфкІэ нэщІу щытащ, щІыпІэ бґынэжам и фэр къытеуарэ, и хъуэрягъыр зыкІи имыґъэдахэу. И хъуэкІуам унэ зэтетыр иджырей мардэхэм тету къагъэщІэрэщІэжри, Іуэхущ Іапэ куэд къыщІэзІуэхыжащ: телефон Іуэхутхъэбзэхэр щащІэр, шхапІэ, н. къ.

Мы зэманым апхуэдэу зэрагъэпэщыж абы и гупэкІэ къита унэшхуэр. Нэгум къызэрыщІыхьэжьмкІэ, «Снежинка» фІэщыґъэм щІэту зэґуэр абдежым жьыщІапІэшхуэ щытащ, кІалэ пор екІуалІэу. Унэр инщ, Іэхуитъэхуитщ, сыт хуэдэ Іуэхущ Іапэ къыщызэІутыжыну къвэзґъыу. Зи блынкэр хужьу зэґуэр щыта унэр, адрейхэм къащхьэщыкІыу, нэґыабэ фІыцІабзэу зэрахьат, ІуплъапІэр абджьпс заущІэкІэ къращыкІри, уэздыґъей лъагэшхуэхэр екІуэкІыу и бжэІупэм щыхасэжат. Иджьиблатэ унэм и блынкэр, архитектурэ гъэпсыкІэ Іэщ Іэзґъэнэщхьэм тету, пкъыґъуэ хъарпщґрэхмкІэ ящґъущІэрэщІащ.

Уэрам зэхэкІыпІэм и адрыщІ лъэныкъуэмкІи нэґыабэ лъандэрэ щолэжь къатитУ зэтет нэґъуэщІ зы унэми. Абы и ІуплъапІэр абджьпсщ, а уэздыґъей жьґ дыдэхэр абдежьми щыхасащ. Иджьпсту пэш кІуэцІхэм щІолэжьыхь. А ухуэныґъэхэр зэрелкуэкІыж хуэдэуэрэ уэрам зыкъэзІґъэшым асфальт щІэуэ тралъхьащ.

КьаґъэщІэрэщІэжа унэхэм кІыщІэзІуэхащ щхапІэ, Іуэхутхъэбзэ зэмылІэужьыґъэхэр щІыхуэхэм щІыхуащІэ Іэнатіэхэр, дапІэ. Псом кІщхьэращ, нэщІу къэна унэхэр щІэзэхэта утыкум теплъэ дахащэ игъэтащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Пенсэм иджыри хэхъуэнущ

2024 гъэм жэпуэгъэм и 1-м щегъэжьауэ дзэм къулыкъу щыІэныґъэм ират пенсиям процентыр 4,5-кІэ хэхъуэнущ. Апхуэдэ унафэр къыщащтащ УФ-м и Къэрал Думэм. Абы къызэщІиубыдэнущ щІыху мелуани 2,7-м щІигъу.

«ДЗЭМ къулыкъу щызыщІадзэм ират пенсэм хэґъэхъуэнкІэ Урысей Федерацэм и Президентым пщэрыльэ къыщищІадзэм ящІущІ. 2022 гъэм апхуэдэ пенсионерхэм ират ахъшэм псори зэхэту процент 19,5-рэ хэхъуауэ щытащ, 2023 гъэм жэпуэгъэм и 1-м щегъэжьауэ иджыри процент 10 худыщІагъуащ», - жиІащ УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщ Володин Вячеслав.

Абы жиІащ Урысейм и щынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщащэхэм дзІэпыкІыгъэ яхуэхъункІэ къэрал къулыкъущІэхэм я къалэн нэхъыщхьэ зэрыщытыр.

Я еплъыкІэр наІуэкъым

Палестинэмрэ Израильмрэ яку щыхэхъуа зэныкъуэкъуэм адрей къэралхэм хуаІэ бґъэдыхьэкІэр зэхуэдэкъым, ялныкъуэхэми иджыри я еплъыкІэр утыку кърахьакъым. Ямэу а Іуэхур къыззыщыхъуар жызыІаэхэм, зи телъхъэр къэзыґъэнІуаэхэм ящыщ Тырку республикэр.

«ТЫРКУР Евросоюзым и кІэпхъэным дихуэнукъым. АпхуэдизкІэ зыхэкІуада зауам цІыхугъэ гуэр хилъэґъуада пІэрэ а зэґурыІэныґъэм? Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджыри къэс ЕС-м хэт къэралхэм ящыщ гуэрми и еплъыкІэр хуиту жиІэфакъым. ЗэкІэ зи псалъэ къэзыґъэІуар Франджым и президент Макрон Эммануэлщ. Дэ тфІэґъэщІэґъэнщ Германием и унафэщІэхэм яубыдыну лъэныкъуэр, иджьпстукІэ мы Іуэхум хуаІэ щытыкІэр зэІумызэщ. Европэм зэрыжиІэмкІэ, дунейпсо хабзэмрэ хуитыныґъэмрэ хэзыгъэкІэ кІыхьзэґъэзывыІэныр къалэн нэхъыщхьэщ. Ауэ иджьпсту дунейм псор зыґъэґъэзвэ Іуэхугъуэм Евросоюзымрэ Тыркымрэ хуаІэ бґъэдыхьэкІэхэр зэхуэдэкъым. ХАМАС-м и Іуэхукіэ ЕС-мрэ Израильмрэ я гупсысэжэ зэтохуэ, дэ ди еплъыкІэр нэґъуэщІщ. ХАМАС-р дэ къызэрыщыхъур Палестинэм щеІуэкІа хэнныґъэм иполитикэ парт лъэщущ», - жжриащ Тыркум и президентым журналистхэм.

Щэхуэґъуэм и 16, *махуэку*

♦ **Зэхуэдэныныґъэм и дунейпсо махуэщ**

♦ **Проект зыщым и урысейпсо махуэщ**

♦ **1921 гъэм** Москва щыщІэзІуэхащ литературо-художественнэ институт зэхъущыхьэр.

♦ **1943 гъэм** Яхэґуаэ Михаил Совет Союзым и ЛІыхъжь щІэр ящІащ.

♦ **1936 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щІэныґъэзэкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Дыкъанэ Хьэсэнбий**.

♦ **1943 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щІэныґъэзэкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щокъарэ Хьэсэнбий**.

♦ **1957 гъэм** къалъхуащ оперэ уэрэджьыІакІуэ, УФ-мрэ КъБР-мрэ щІыхь зиІэ и артист **Батыр Мухьэдин.**

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык уэзэх къыщІещІыжу. Хуабэр махуэм градус 11 - 14, жэщым градуси 7- 9 щыхъунущ.

Щэхуэґъуэм и 17, *мэрем*

♦ **Студентхэм я дунейпсо махуэщ**

♦ **Сабий мылъхуэсхэм я дунейпсо махуэщ**

♦ **Географие хъыбарегъащІэ системхэм я махуэщ**

♦ **Урысейм щагъэпытІэ уполномоченнэ ячастковэхэм я махуэр**

♦ **1920 гъэм** Бґырыс АССР-р къызэрагъэпэщащ.

♦ **1970 гъэм** «Луна-17» автоматическэ станцым Маэзэм тригъэуващ, езыр-езыру зекІуэ «Луноход-1» аппаратыр.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык уэзэх къыщІещІыжу. Хуабэр махуэм градуси 2 щыхъунущ.

Зыґъэхъэзырар
ЩХЬэЩІэМЫЩІ Иэзэщ.

Лъэпкъ Іуащ Іыкъэ:

ХьэщІапІэ ущыІэмэ, къыпхуащІ уи унафэщ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Адэжь щIыналъэм и сурэтыщI

Яхиханов Рустам Шэшэн Республикэм щIыхь зиIэ и сурэтыщIр, 1986 гъэм Грозный къалэм дунейм къыщIетхьащ. Санкт-Петербург дэт къэрал академиемк сурэт щIыным ущыхурагъасэ и факультетым 2005 гъэм щIэтIысхьэри, «Адэжь щIыналъэ» зыфIища и диплом лэжьыгъэм щыщIэдзауэ, Урысейми Кавказми цIэрыIуэ щыхъущ.

ЩIАЛЭМ и сурэтхэр Кавказым и тхыдэри и нобэри Iупщ1у зытепIалъэгъуI защIощ. Санкт-Петербург щыпсэу щIалэм къызыхэкIар щымыгъупщам и закъуэкъым, и Iэпэр зэIуса псомкIи и Хэку цIыкIур къаригъэщIыхуну зэрыхуейр и лэжьыгъэхэм къыхощ. Дыззэрыт эзаным щIалэм Репиным и цIэр зезыхь институтым сурэтыщI IэщIагъэм щыхурегъаджэ. Ауэ езыми сурэт щIыныр зэпигъэуркъым.

2017 гъэм Яхихановым Назрань къалэм къыщыдэIуихащ «Гум кIынахэр» гъэлэгъуэныгъэр. Ар теухуат шэшэнрэ ингушу щIыхумин 500 я хэкум ирашауэ зэрыщыстам. Шэшэн сурэтыщIым апхуэдэ щIыкIэу тхыдэм и напэкIуэцIкIэр къаригъэщIыхуащ. Яхихановым а гъэлэгъуэныгъэм ириштIат вайнаххэм я хабзи я псэукIи къызыхэщ сурэт 15, дэтхэнэ зыми нэщхьеягъэр къыхэщ.

«Си сабиигъуэр щекIуэкIар Шэшэнырщ, - жриIащ Яхихановым «Папахэ» ингуш журналым и корреспондентым. – Шэшэн зауитIми сыхиубыдащ. 2004 гъэ лъандэрэ Санкт-Петербург сыщопсэу. Си адэ-анэм зэрыжаIэмкIэ, илъэсищ лъандэрэ сурэт сощI. СыщыщыкIыми ныбжьыщIэу сыщыщытами, си сурэтхэр зауэрт зытеухуар. Гуауэр, гужьеиГъуэр, гузэвэгъуэр си къалэмыпIэм гуэгъу хуэхъуауэ пхужьIэнущ. Нэхъ нэгуэшужьу зыгуэр щIы къызжаIэ си адэ-анэм. Ауэ си хьуреягъкIэ щысIсIагъуэ гуауэщи, си сурэтхэм сфыхэувэ зэпытщ».

Рустам и сурэтыщI насыпри зыгуэркIэ зауэм ехпауэ пхужьIэнущ. ЕтIуанэ зыщIэн зауэр щиучам, Рустам школыр къиуагъащIэти, Грознэм щекIуэкI гъэлэгъуэныгъэхэм я зым и лэжьыгъэхэр утыку къыщIрихьащ. IэщIагъэлIэм абдежым гу къыщыщIатэри, Санкт-Петербург дэт академием щеджэну чэнджащ къратауэ щытащ. 2011 - 2015 гъэхэм Рустам щылэжьащ Мыльниковэ Верэ и лъэщапIэм. 2012 гъэм щыщIэдзауэ Урысейм и СурэтыщIхэм я союзым хэтщ. Яхихановым и лэжьыгъэхэр щигъэльэгъуащ Финляндиемк, Китаймк, Черногориемк, нэгъуэщI къэралхэм.

Урысейм и сурэтыщI академиемк Яхихановым 2015 гъэм къыхуигъэфэщащ «И Iэзагъым папщIэ» дыжьын медалыр. 2015 гъэм Шэшэным щэнхабзэмкIэ и министерствэм щIыхь тхылъ къритащ, «Щэнхабзэхэр зопсалъэ» проектым зэрыхэтам щхьэкIэ.

«Кавказым и гъуэзджэр Урысейм ейм зыгуэркIэ къыщхьэщокI, - жиIэ Рустам, и лэжьыгъэхэм щытепсэлъыхькIэ. - Осетиеми, Дагъыстэнми, Шэшэнми сурэтыщI Iэзэкуэдисщ. Совет зэманым сурэтыщIхэм лэжьыгъэ нэхъ яIэт, къэралым и унафэр игъэзащIэмэ, зыхэпсэукIын къыIэрыхьэрт. Иджыпсту зэманыр нэхъ гугъущ. Сурэт зэхуэзыхьэсхэр къэбгъуэтыну тыншкъым, цIыхухэр гъуэзджэм хуэпабгъэуи щыткъым, езыр-езыру зыгуэрым и нэ укъыфIэмынэмэ. ИтIани, къыхэтха Iэщ1агъэм дызэрыхуэпэжьыным иужь дитщ».

Гъуэзджэм хэт цIыхум нэхърэ нэхъ щэрыуэу езым и Iэдакъэщ1экIхэр мэпсалъэ. Рустами и Iэкар нэхъ «жьакIуэщ», и бзэгум нэхърэ. И сурэтхэм я зым узэрыупльэу, и гум илъыр сэтей мэхъу. ЦIыхухэр кIуэ пэтми нэхъ къыщ1эзыхьэх абы и лэжьыгъэхэм я щапхъэщ сурэтым щыфIлъагъури.

Адиджэ псыежэхым и хъуреягъкIэ

Италием щыIэ Аппенин хытIыгуныкъуэм и ипщэкIэ, Альпы бгы гупым и лъапэм деж щылъщ нобэ зэдгъэщIихуну щIыналъэр - нэмыщхэмрэ урымхэмрэ я зэхуэдэ хэкуу къальтэ Трентэ-Альтэ-Адиджэ автономиер. ЗыгуэркIэ ди лъэпкым епхауэ пIэрэ я щIыналъэм кIуэщIрыж Адиджэ, языныкъуэхэм къызэрапсэлъымкIэ, Адиге псыежэхым и цIэр?

ИТАЛИЕМ кIыхьагъкIэ щыетIуанэ псыежэжщ Адиджэр. Шекспир и Iэдакъэщ1экIэмкIэ тIыхху, Ромеорэ Джульеттэрэ къыщыхъуа Веронэм щIэщIрыж псыщхущ. Щыналъэм и тхыдэм тепщIыхьмэ, а щIыпIэр ди эрэм ипэкIэ кельтхэм, е языныкъуэхэм зэрыжаIэмкIэ, этрускхэм тIысыпIэ яхуэхъуауэ щытащ. Европэм щекIуэкIа зауэхэм и ужькIэ гъунапкъэхэр зэрахъуэжьым елъытауэ, зэм Австриемк, зэм Италием Iэрыхьэуэрэ, Iпэ дунейпсо зауэм и ужькIэ иужьрейм къыхуэнэпащ псыежэхым зыщыубгъуэ Трентэ-Альтэ-Адиджэр.

Мы псыежэхым щIыналъэр игъэщIэращIэ къудей мыхъуу, щIыпIэр псыкIи уэздыгъэ гъэсыныпхъэкIи къызэрегъэпэщ. Езыр Альпы къуршхэм къыщожьэри, Адриатикэ хым хольдэжь. Мыбдежым къалэшхуитIым я цIэхэр нэхъ къыщIэIуэ: Трентэрэ Больцанэрэ. Трентэр урым къалэщ, Больцанэ нэмыщхэр щыныжьыбэщ. ЩIыпIэм и цIэм кIыхьщ «Трентинэ» цIэр латиныбзэм хуахь. «Альтэ Адиджэ» псалъэ зэпхам «Адиджэ псыежэхым и ипщэ Iыхьэ» жиIэу къоюI.

Больцанэ къалэр ди эрэм ипэкIэ 63 гъэм щIыпIэр зыубыдауэ щытэ урым император Октавиан Августи и къуэм и цIэджэгъащ. А лъэхъэнэм Больцанэ щIыпIэр иджыри псыпцIэт, ущыпсэу мыхъуну, ауэ гъунапкъэхэр нэхъ быдэ хъун папщIэ, къыкIэлъыкIуэу тепщэгъуэр зыIэрыхьа Клавдий Нерон Адиджэ, Исаркэ псыежэхэм я Iуфэхэм Iус жьлэр и унафэм щIэныр зэпигъэуркъым.

2017 гъэм Яхихановым Назрань къалэм къыщыдэIуихащ «Гум кIынахэр» гъэлэгъуэныгъэр. Ар теухуат шэшэнрэ ингушу цIыхумин 500 я хэкум ирашауэ зэрыщыстам. Шэшэн сурэтыщIым апхуэдэ щIыкIэу тхыдэм и напэкIуэцIкIэр къаригъэщIыхуащ. Яхихановым а гъэлэгъуэныгъэм ириштIат вайнаххэм я хабзи я псэукIи къызыхэщ сурэт 15, дэтхэнэ зыми нэщхьеягъэр къыхэщ.

«Си сабиигъуэр щекIуэкIар Шэшэнырщ, - жриIащ Яхихановым «Папахэ» ингуш журналым и корреспондентым. – Шэшэн зауитIми сыхиубыдащ. 2004 гъэ лъандэрэ Санкт-Петербург сыщопсэу. Си адэ-анэм зэрыжаIэмкIэ, илъэсищ лъандэрэ сурэт сощI. СыщыщыкIыми ныбжьыщIэу сыщыщытами, си сурэтхэр зауэрт зытеухуар. Гуауэр, гужьеиГъуэр, гузэвэгъуэр си къалэмыпIэм гуэгъу хуэхъуауэ пхужьIэнущ. Нэхъ нэгуэшужьу зыгуэр щIы къызжаIэ си адэ-анэм. Ауэ си хьуреягъкIэ щысIсIагъуэ гуауэщи, си сурэтхэм сфыхэувэ зэпытщ».

Рустам и сурэтыщI насыпри зыгуэркIэ зауэм ехпауэ пхужьIэнущ. ЕтIуанэ зыщIэн зауэр щиучам, Рустам школыр къиуагъащIэти, Грознэм щекIуэкI гъэлэгъуэныгъэхэм я зым и лэжьыгъэхэр утыку къыщIрихьащ. IэщIагъэлIэм абдежым гу къыщыщIатэри, Санкт-Петербург дэт академием щеджэну чэнджащ къратауэ щытащ. 2011 - 2015 гъэхэм Рустам щылэжьащ Мыльниковэ Верэ и лъэщапIэм. 2012 гъэм щыщIэдзауэ Урысейм и СурэтыщIхэм я союзым хэтщ. Яхихановым и лэжьыгъэхэр щигъэльэгъуащ Финляндиемк, Китаймк, Черногориемк, нэгъуэщI къэралхэм.

Урысейм и сурэтыщI академиемк Яхихановым 2015 гъэм къыхуигъэфэщащ «И Iэзагъым папщIэ» дыжьын медалыр. 2015 гъэм Шэшэным щэнхабзэмкIэ и министерствэм щIыхь тхылъ къритащ, «Щэнхабзэхэр зопсалъэ» проектым зэрыхэтам щхьэкIэ.

«Кавказым и гъуэзджэр Урысейм ейм зыгуэркIэ къыщхьэщокI, - жиIэ Рустам, и лэжьыгъэхэм щытепсэлъыхькIэ. - Осетиеми, Дагъыстэнми, Шэшэнми сурэтыщI Iэзэкуэдисщ. Совет зэманым сурэтыщIхэм лэжьыгъэ нэхъ яIэт, къэралым и унафэр игъэзащIэмэ, зыхэпсэукIын къыIэрыхьэрт. Иджыпсту зэманыр нэхъ гугъущ. Сурэт зэхуэзыхьэсхэр къэбгъуэтыну тыншкъым, цIыхухэр гъуэзджэм хуэпабгъэуи щыткъым, езыр-езыру зыгуэрым и нэ укъыфIэмынэмэ. ИтIани, къыхэтха Iэщ1агъэм дызэрыхуэпэжьыным иужь дитщ».

Гъуэзджэм хэт цIыхум нэхърэ нэхъ щэрыуэу езым и Iэдакъэщ1экIхэр мэпсалъэ. Рустами и Iэкар нэхъ «жьакIуэщ», и бзэгум нэхърэ. И сурэтхэм я зым узэрыупльэу, и гум илъыр сэтей мэхъу. ЦIыхухэр кIуэ пэтми нэхъ къыщ1эзыхьэх абы и лэжьыгъэхэм я щапхъэщ сурэтым щыфIлъагъури.

Пхэнжьым хуэIэижьхэр

Канадэм щекIуэкIа иужьрей къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, цIыху 25-м щыщу зыр «эвтаназие» IэмалымкIэ дунейм щохьж а къэралым. 2024 гъэм щыщIэдзауэ, лIэныгъэр къыхэпхыным уезыхуIэ хабзэхэр къэралым нэхъ тIасхъэ щащIыну я мурадщ.

«ЭВТАНАЗИЕ» хъужыр езы цIыхум и унафэкIэ мастэ гуэрхэр зыхригъэIуу дунейм зэрехьжыращ. Хуэмышэчыну узыфэ хьэлъэ къызэуэлIа цIыхум и псэм и унафэр езым Iэщ1алъхьэжу аращ, «уи дежкIэ нэхьыбIыр уэ езым уощIэж» жыхуаIэу. Мы Iэхъум узэрыграгъэгушхуэм и щыхьэту къэпльытэ хъунущ ар уеблэмэ художественнэ тхыгъэхэм зэрыхьыхьам. КIыхь зезмыгъэщIу, зы щапхъэ къыфхуэсхьынщ. Хэту пIэрэ иджыпей ткаIуэхэм нэхъ цIэрыIуэу яхэтыр жысIэу, сылъыхьуэурэ, инджьлыз цIыхубз Мейес Джоджэ и цIэ къыспэщIэхуащ. Псори зытхьэкъуар «Уэ сыпхуэзэн ипэкIэ» и романыр. Удихьэхыу узэджэгу тхьилъхъащ, сэ сызэрелъымкIэ. ЗэдзэкIаIуэхэми зIамыгъэхьауэ, уитхьэкIуу зэхэлъхьа роман хъарзынэм хьэмбылум укIэльпIэхуэурэ, щIыхупIэм уришалIэу къыщIэкIащ. Лъагъуныгъэ куум и нэщэнэу мыбы къыхэщIар зэрымыщIэкIэ зи лъэр щIэкIа спортсмен щIалэм «зиукIыжьи хуитныгъэр къызэрыIущIамыхьыр». Уи щхьэфэщым зрисэ къудейкъым, Гъэзу пхэнжьым апхуэдизу къару игъэутын папщIэ, дауэ ахэр зэрызэхэтыр жыуегъэIэ.

Канадэм узынщагъэм кIэльпIэльынымкIэ и министерствэм ищIа къохутэныгъэхэм къагъэльэгъуащ 2022 гъэм и кIуэцIкIэ цIыху 13000-м эвтаназиер къызэрагъэсэбэпар. Ар ипэ илъэсым нэхърэ процент 30-кIэ нэхъыбщ. «ПщIэ пылъу дунейм ехьыжьи» лъэпкъ псапащIэ зэгуэльэнигъэр утыку къихьауэ, Канадэм и правительствэм йолъэIу апхуэдэ щIыкIэу дунейм ехьжьыну цIыху нэхъыбэ хуэт ящIыну.

Эвтаназиер къыхахыным цIыхухэр нэхъыбэу езыхулIэр лышхырц. Ауэ иджы сымаджэщхэм щIэлъ цIыхухэм хуэмурэ зэрыхагъэзыхьымкIэ зыкъуамыс. «Шхыни, псыи, хущхъуи къызамытыжу, зытхьэщIыпIэми самышэу хъуащ. Си жагъуэ ящIурэ эвтаназием сыхуэкIуэну къызжаIэрт, дохутыным ар и щхьэр течауэ къызиIуэкIыртр», - игу къеГъэкIыж сымаджэхэм язым.

Къэрал министерствэм и Iэмалыр хэзбгъэщхьэпэным нэхъ хуит зэрищIрэ, дэтхэнэ зы узыфэри зыщIэбгъкIыжьи щхьэусыгуэ ящIу хъуащ. Ар зыфIэзахуэхэм зэрыжаIэмкIэ, «а Iэмалым хуэмыкIуэмэ, Канадэм и медицинкэм апхуэдиз цIыхум еIэзэныр мылъкукIэ худэшынукъым».

Онтарио къалэм щыщ цIыхубзым тутын Iугъуэ езэгъыртэкъыми, эвтаназие иригъэщIын хуейуэ квотэ къратащ. 2023 гъэм щегъэжьауэ, эвтаназие зрагъэщIыну хуитщ зи акъылым сокъат игъэутахэм, уеблэмэ ныбжьыщIэхэм. Дохутыр-хэм я чэнджэщкIэ зызыужьыжэм я текIуадэ уасэр хъаралым ет. Гермаием щеджэкIэ нацист зэхэтыкIэм иужькIэ, мы Канадэм щыпхагъакI, цIыхур эвтаназием ехулIэн хабзэм нэхъ нэхъ гузэвэгъуэ тлъэгъуакъым жызыIэхэр куэд мэхъу.

«Иужьрей зэманым эвтаназием хуэкIуапхъэхэм ятеуухуа зэдауэжар нэхъ гуащIэ хъуащ, - дыкъыщоджэ Iэхъум тетхыхь «Известия» газетым ит тхыгъэм. - Бэлыхь хэхуа сымаджэ хьэлъэхэм я узыр ящыгъэпсынщIэн мурадыр къаралым псэууэ къигъэнэну хуэмеикэм ирахьэлIэ. ЦIыхур езым и гупыжкIэ дунейм ехьжьыну хуит зыщI хабзэр гъэтхIкIин хуейуэ къэзыльытэхэм я макъыр хуабжу яIэт, ауэ дохутыр-хэм ар хьэрыкIын, унафэр зыIэщIэлъхъэм я ней зыщамыгъэхуэн папщIэ».

Нобэрей Iэхъукъ Канадэр эвтаназиер хуит щащIа къэралиблым ящ. А хабзэр къыщащтар 2016 гъэрщ. Франджыри а лъэужьым ироклIэ.

Урысейм и лIыкIуэу Канадэм щыIэ Степанов Олег жиIэ: «Зи ныбжь хэкIуэта цIыхухэм, зауэм ныкъуэдыкIуэу я къикIыжахэм, уз хьэлъэ зыгъэвхэм еIэзэным и пIэкIэ, пхуэгъэхъужыну узхэм щхьэкIэ жраIэ: «Ар куэдрэ, куэдрэ екIуэкIынущ, уи фэр трихынущ. Ауэ нэгуэщI хэкIыпIэ къыхэпхыфынущ, иджыпсту мыбдеж дыдэм зы хущхъуэ цIыкIу зыхебгъэIуу, гупсэхуу уэжьмэ, утынышъжынуп».

Урыс дипломатым и псалъэм щыхьэт тохъуэ Оксфорд университетым и профессор Чжу Юань:

- Илъэс блэкIам щегъэжьауэ, Канадэм и къэрал хабзэм жьыи щIэи джэбз зеинщэр и щыпхъуитIым нэхъ нэхъ дахэт, абыхэм IущагъкIи ятекIуэрт. Контуринэ лъыхъуэхэр къыхуэпещэрти, езым ипхъуэхэр нэхъ пасэу иригъэшэн щхьэкIэ, и мылъхуанэм унафэ къыхуищIащ бзагуэрэ делэу фэ зытригъэуэну, езыми апхуэдэ хъыбар игъэIуащ. Ар сэбэп щыыкIуэну, анэнэIэсым Контуринэ бгыщхьэм тет чэщанэм щIиубыдащ. Хъыджэбзым иджыри кьелыну Iэмал иIэт, илъэсиблым и кIуэцIкIэ зыгуэрым фIыуэ къиплъагъуу ишамэ. Ауэ хэтыт зигу къэкIынур пщащэ тхьэIуэхудыр бгыщхьэм тет чэщанэм щIэсу? Арати, Контуринэ щыкIуар апхуэдэу гущIэгъунэу къурш кIуэцIым икIуэдэжащ. Адриатэнэщ бгым ихьэ псомк хъыджэбзым и макъ дахэр зохахьу къащIыфIощIыр.

Трентинэ-Альтэ-Адиджэ деж щызэхэт къуршхэм «доломит» жыхуаIэ мывы лIэужьыгъуэ защIэу зэтелъ гуэр яхэту, «бгы фэнщэкIэ» еджэу. Абы и хъуреягъкIэ щекIуэкIа хуэдэу зэхалъха хъыбархэм пасэрей лъэпкъыжьхэр псори зыгуэркIэ зэщхьу зэрыщыытам ухуешэ. Зи пIалъэ иджыри фIыуэ имыгъэзунэхуа щыуэпсым, Уафэмрэ щIыпIэмрэ щилъагъу къаруу мыщIыхухэм апхуэдэурэ къыщIэкIынщ щIыхур зэресар. Дэ Iэдиижу и Iэблэм нэху идзу зэрыщытам шэч кьытетхэркъым. Урым псымэ я къыхощыж. Мазэ къыщIэщих нурыр апхуэдизкIэ инти, и псэлъыхьум дэкIуэну арэзы хуа пэтми, пащтыхьыкIуэр кьыбгъэдыхьэфыртэкъым.

Къуршым ис пащтыхьым и къурат Мазэр зэгуэкIуар. НыбжьыщIэхэм я гухэлъ зэтехуэри, я хьэгъуэлIыгъуэри дахат, ауэ хъыджэбзым и нурыр щIалэр имылъпщIын, и нэр нэкум щимысыкIын папщIэ, зэпэIэщIэу псэухэрт. Мэз кIыфIхэмрэ бгы фIыцIэ шынагъуэхэмрэ зэгу кърамыгъэхьэ Мазэми зэризакъуэр кьехьэлъэкIырт, и насыпым гузэгъэгъуэ кьримыту. Арати, а къуршым гномхэр щыпсэууэ кьыщIокI, дэ испыкIэ дызэджэ цIыху лъэпкъыгъуэм зыгуэркIэ ещхьу, нэщыпкъуэзехьэ къэру ябгъэдэлъу. Уасэ папщIэу, гномхэм пащтыхьыкъуэм паубыдащ сытым дежи зрагъэгъусэну. Ар идэрэ и псалъэм тетыжмэ, Мазэмрэ езымрэ зэгъусэ ящIыну къагъэгугъащ. ЩIалэр зыхуеихэр арати, гномхэм Мазэм и нэхур зэхуахьэсри, абыкIэ бгы фIыцIэхэр ирагащ. ЩIалэм и нэхэм иджы нысащIам кьыхуэна нэхур яхуэшъчынути, щауэмрэ пащащэмрэ зы защIыну Iэмал ягъуэтащ. Къурш фIыцIэ шынагъуэхэм абы лъандэрэ «бгы фэнщэкIэ» йоджэ.

Тхыдэм и щыхьэт гъэщIэгъуэну Трентинэ кьыщагъуэтыжащ хьэдэмыфэкэр (мумиехэр), гъуэщ щагъэткIу хьэжьхэр, нэгуэщIыпIэ щамыпэгъуэ ухуэнагъэ кьыздэсымыфэкэр. А псом кьегъэлъагъуэ мыбдежым щIыхур ижьижьыж лъандэрэ зэрыщыпсэуар. Рим къэралыгъуэм ипэжкIэ, IV лIэщIыгъуэм щыхатIащ мыбдежым ипэ бжэгъуэр. Урымхэм зи бзэрэ зи щэнхабзэри эрапх «рэти» этруск лъэпкъыр я лъабжьэу кьалытэ Трентинэ щыщхэм.

Урым империр лъэпсэжа нэужь, мы щIыналъэр бийжэр зэбгъэрыкIуэ гъунапкъэу щытти, ящэу бавар лъэпкъым яубыдащ. Абыхэм кьатехуэныжьа нэмыщэхэрщ Больцанэ щыпсэур.

А псори щысIэщIэщIар «Адиджэ» фIэщыгъэр зыгуэркIэ ди лъэпкъым ехпауэ пIэрэ жьыIэри арат, сыту жыIэмэ, тхыдэм кьыхощыж Кьрым хьIыгуныкъуэр зи жьауэм щIэта генуэз зрыпхъэ лъэпкъ кьудамэм адыгэжьм пыщIэныгъэ зэрыхуалар. Ауэ мыбдежым щIыпIэм и цIэр зэратх хьэрфхэр зэрымыщIэкIэ ди лъэпкъыцIэм техуа кьудейуэ худогъэфащэ. И Iэкlэтхыкlэр нэ кьудейкIэ едгъэщхьэм фIэкIа, «Адиджэ» псыежэхым хдиIуэхуIауэ ящIэфIэзэгъэщIын тегъэщIапIи зэкIэ дрихьэлIакъым.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

● Хьэрычэтыщ1э

Лъабжьэмрэ щхьэкIэмрэ

Удзыр щIым къыхэзыш къарур телъыджэкъэ-тIэ? Я нэхъ гунэфри дихьэхынщ мыбыхэм я дахагъэм. Удз зыгъэкIыр езыр игукIэ, и псэкIэ дахэу щымытамэ, мыплхуэдиз дахагъэ дунейм трихьэу псэуфын щы-Iэнт?! Удз гъэгъаэр зыгъэкI куэд диIэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым. ФэдгъэщIыхну дыхуейт Аушыджэр щыщ зы щIалэ.

ГОЛЛАНДИЕМ кьраш тюльпаным дуней псор зэрирудэфбгъурэ куэд щIами, яфIэщIэщIгъуэу, яфIэфIу ягъэкI цIыхухэм, и лIэужьыгъуэ бжыгъэм хагъэхъуэным щIэхьэупсу. Уеблэмэ Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыхубзу исым я махуэм яхурикъын тюльпан езы республикэм егъэкIыж, нэгъуэщI щIыпIэ я крамышу. Аушыджэр къудей унагъуэ 20-м щIигъу дэсщ, тюльпан къагъэхIыныр лэжьыгъэ яхуэхъуауэ. Псалъэм папщIэ, Хъарзынэхэ Мурат. Илъэс етхуанэ мэхъу ар Iуэху зэрищIри, фIыуэ хэгъуэзауэ жьпIэфIынущ.

- Ди адэ-анэм ягъэкIыу щытащ нэхъапэмэ. Арати, сэри хуэмурэ сигу ирихьри, абы зестыжащ. Пэжщ, ди щIыналъэм и дуней щытыкIэм куэд елъытащи, узэрыуейм хуэдэу пхуэгъэкIкъым. Хэпсам лъабжьэ щищIым деж, нэхъыбэ дыдэу градуси 9 иIыгъын хуейуэ аращ щIым. Ауэ, зэрыжысIащи, Iуэху тыншкъым ар, тюльпаным и хэку дыдэмрэ ди щIыналъэмрэ я щIыуэпсэр зэрызэхуэмыдэм къыхэкIыу.

- Сабий щIынэм хуэдэу укъыщхьэщымыкIыу къэгъэкIын хуейщ-тIэ а зи гугъу пщIыр?!

- Пэжщ. Жащи махуи пфIахь!

- Мыр зыхэт щIыр сыт хуэдэ?

- ЩIым и закъуэ хэпсэкIэ хъуркъым. Пшахъуэ тIэкIуи хьбогъьэзэрыхь, щIыр нэхъ бзуэн, жьы нэхъ хьхьэн щхьэкIэ. Хэпса иужь температурэр ебгъэIыгъын хуейщ, иумыгъэIыгъмэ, лъабжьэ тэмэму ищIынукъым. Лъабжьэ имыщIмэ, езыр къэкIкъым.

- Соллэр, щIым нэхърэ пшахъуэу хэлъыр нэхъыбэ къысфощI. Мы удз гъэгъар къыдэкIуейуэ, щхьэ кьищIу, гъэгъа тэмэм кьыпыкIэн щхьэкIэ щIыгъэпшэр гуэрхэр хэплъхьэу кьыщIэкIынщ?!

- Дауи, псы къуэдейкIэ зэфIэкIыркъым. Щхьэ кьищIын, тхьэмпэхэр палэ, и пльыфэр фагъуэ мыхъун щхьэкIэ зыгуэр иумыхьэлIэу хъурэ?! Сесаци, удзхэм зыгуэр кьефыкIмэ, занщIэу гу лъызотэ. Ар Налшык сохьри, анализ изогъащI. Анализым зыхуэгъэкIуар къегъэлъагъуэ: кальций, калий, хьэмэрэ фосфор?! Абы техуауэ щIыгъэпшэрхэмрэ хущхъуэхэмрэ изохьэлIэ, ар мыхъумэ, уигу къыхьэу уэзыхуей дыдэр пхыырэ тепкIэмэ, зэрыщыту зэтеГъэжьынущ.

- Сыт хуэдэ уэзыфэхэр нэхъ хуэлъэ тольпаным?

- ХьэпIащи йоуэ. Лъабжьэр щIэзышхыкIи щыIэщ, щхьэкIэм пищIэм кьищынэмыщIащ. ЗиIуантIэу зызэIуимыхыу, Iисраф мэхъу апхуэдэхэм деж: хьэпIащIэм жьлэр ешх, и псыр щIефыкI. ХьэпIащ1э зэуагъащIэр кьыпхуеГъэлъынущ, ауэ и чэзум кьэпIъагъэр хуейщ ар. ГъэщIэгъуэнракъэ, а хьэпIащIэр пхуэгъэпIэнукъым. АтIэ, ар бгъашхэурэ уи тюльпаныр кьебгъэлъынурац. Абы кьищынэмыщIауэ, псыIагъэ имыIыгъмэ, кунэф кьыхокI. Ар дауэ жьпIэмэ, тхьэмпэр кьэкIынущ, ауэ щхьэ кьищIынукъым. Е, и щхьэр кьещIыдэжьым деж, патхьэпыкIам ещхьу кьелIыхьжьынущ.

- Си щхьэкIэ, цIыхубэхэм я махуэм мыбыхэм яэыхэз кьысIэрыхьэмэ, нэхъыбэрэ зэрыщIэгъэлъэн Iуэху зесхуэнущ. Ар кьызэхъулIэн щхьэкIэ сыт сщIэн хуейр, Мурат?

- Псом япэ, ар зэлъытар тюльпаныр кьызэрырахъэлIэж щыкIэрщ. КьищынэмыщIауэ, дыгъэ тепсэмэ, занщIэу зызэIуех тюльпаным. Ар куэдрэ щыпльыжынукъым. Хэти нэхъ ину, дахэу кьызэIуIкIауэ, зыззIуихьауэ фIэфIщ. Ауэ, кьызэIумыкIаращ нэхъ щыпльынур. Дауэ мыхъуами, пэш хуабэм куэдрэ щыпIыгъэфыщынукъым. КьызэIуIкIар тхьэмахуэ, кьызэIумыкIар тхьэмахуитIи щытыфынущ. Пльхъьщ щIэту зыщэ куэдщIэщ, кьызэрыхачам хуэдэ дыдэу. Апхуэдэхэр хэпсэж хъунущ. Зы илъэс дэкIмэ, къыботIыж, уогъэгъущ, уогъэкъабзэри, етIуанэ илъэсым хьбосэж. Ар аргуэру кьыботIыжкри, мис итIанэщ жьлэ щыхьур. Хуабэщым щIэтар щыбым пхьыуэ зэрыхэпсэу, етIуанэ илъэсым кьэгъэгъэнукъым. Тхьэмпэхэр кьыдэкIынущ дахэ дыдэу. Ауэ щхьэ кьищIынукъым. Аращ илъэс къэс жьлэ къэтщэхун хуей щIэхъур. Зыхуей хуэзэ закъуэмэ, пIалъэ кIэщIкIэ кьызэфIоувэ тюльпанэр. Хуабэщым щызыгъэкIэм тюльпаным и зэфIэувэгъэщ1э щIыхубэхэм я махуэ пльапIэм ирыригъэхьлIэ. Жьлэ хасар кьикIыкIыу, кьуэпсыр кьыдэкIра, щхьэ пищIэкьым мазищ-мазиплIщ текIуадэр. Ауэ а мазэ бжыгъэм кьриубыдэу щIыхуэм лэжьыгъэ ягъэхьейр кьэлъытэгъуейщ. УтеплъэкъуькIнкIэ Iэмал имыIэу, уи нэIэ тегъэтыпхъэщ. Дахэ псоми хуэдэу, тюльпанэмэ загъэщIэгъуэн яфIэфIщ.

- Уи тюльпанхэм сыт хуэдэпс щIэбгъэлъадэр, Мурат?

- Градуси 5 - 7 зи хуэбагъ пщIэ нэхъ яфIэфIыр. Абы нэхърэ нэхъ лъагэм псынщIэу зрегъэтIэплкI. КрантIым кьидгъэжа псы кьабзэр сыкьэт 24 - 48-кIэ щыдогъэтри, итIанэщ щыщIэткIэр. Ар вэгъэзгъащ. Ауэ крантIым кьибгъэжа кьудейр занщIэу щIэпкIэмэ, удзыр мыкIыжу кьызэтеувыIэнущ. ИтIанэ, и щхьэфэр гъущащ жьлэIу псы щIэпкIэ хъунукъым, и пльабжьэми уеплъын хуейщ. ЩIым Iэпэкlэ хуоIэбэри, и пльабжьэр гъущарэ-мыгъущарэ уоплъ апэщIыкIэ.

- Къарууэ тебгъэкIуадэм пэкIуэжрэ къыщIэпх ахъшэр?

- Хьарзынэу ахъшэфIи кьыпокIу. Абы и закъуэ, уигу хэхъуэуи уогъэкI. Илъэс къэсхуи щIэщыгъуэ гуэрхэр кьыбощIэ, лIэужьыгъуэщIэхэри кьыхохьэ.

- Уи щIэныгъэр хэбгъэхъуэн мурадкIэ узэчэнджащ щыIэ?

- Уи закъуэкIэ упэлъащIынукъым, пэжу гу лъыптащ абы. Сэ нэхърэ нэхъыфIу хэзыщIыкI Iэджэ щыIэщ. Псалъэм папщIэ, КIуэкIуэхэ Жаннэ Iэкlуэлъакlуэ хуэхъуащ. Абы и деж соклуэри сочэнджащ. ЩIыхум хуабжу сэбэп яхуохъу ар. ЩIыщIэздзагъащIэм си благъэхэм, щIыхугъэхэм сеупщIыт е жьлэр кьызззыщIэм сечэнджэщIрт. КьищынэмыщIауэ, иджыпсту псори интернетым ильщи, нэхъ тынш хъуащ.

- Уэ езым бззэрым щыпщэрэ, унагъуэм къакIуэурэ дашым кьищынэмыщIа?

- СофэфIщ бззэрым сытетык. Уи гур хохъуэ а уэ езым бгъэкIам цIыхур кьызэрыщIэупщIэр щыплъагъуэм деж.

И лэжьыгъэм гурэ псэкIэ бгъэдэтэр занщIэу уи нэм кьыфIонэ. Апхуэдэщ Мурати. И къэкIыгъэхэм зэреплъ къудейм кьэгъэкIуадэ и Iэужьым и псэр зэригъэгъуфIэр.

Мурат зэрыжиIэмкIэ, къэкIыгъэхэм яфIэфIщ уепсэлъэныр, макъамэ дахэ къахуеблъэунэр. Ар хуэIэззэщ тюльпан тьэкIыным, абы и закъуэкъым. «Тюльпанхэр икIмэ, помидорым иужь сихьэнущ», – жиIэ.

ХЪУЭЖЭ Гуащэнэ.

Къабзэ псы щIыгъуэ

**Ингушетиеми, Чечнеми я щIыналъэхэм я щIыпIэ зэхуэдизыр щIыгъуэ щIыпIэ щыпсэу ди республикэм и щIыналъэм и

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Сабийхэр Iуэрыlуатэм драгъэхьэх

КЪБР-м и щIыналъэхэм Щэнхабзэмкlэ я унэхэм щагъэлъагъуэ нарт Iуэрыlуатэр зи лъабжьэ «Сказки наших гор» спектаклыр. Ар кIыхьзарыгъэпэщ КЪБР-м Пхъэкlъ Iуэху-хэмрэ жылагъуэ проектэмкlэ и министерствэр я дэIэпыкъуэгъуу.

МЫР зи жэрдэмри театр теплъэгъуэхэр зыгъэзывари Кабуловэ Зитэщ. Iуэху кIыхьилъхьам и мыхьэнэр кьалъытэу къратa грантым и фIыгъэкlэ ар абы къежьулIащ. Ныбжьыщlэхэм ягу ирихьащ артистхэм я Iэзэгъэмрэ фэилъхьэгъэхэмрэ, яфlэгъэщlэгъуэну еплIащ лIыхъужьхэм я джэгукlэм. Щlэблэр нарт Iуэрыlуатэм, лъэпкъ гъуэджэмрэ щэнхабзэмрэ, литературэмрэ театрымрэ драгъэхьэх мы теплъэгъуэхэм.

- Спектаклхэм сабийхэр куэду зэхуащlэх. Гъащlэм щынэхъыщхьэхэрщ цыкlуэхэм ягурыдгъэIуэну дызыхуейр: ныбжьэгъугъэм и мыхьэнэр, Iыхьлым, гъунэгъум пщlэ хуэщlын зэрыхуейр, нэгъуэщlхэм - жеIэ Зитэ. Таурыхъым хэт лIыхъужьхэм я хьэл-щэнхэмкlэ, жаIэмкlэ, макъамэмкlэ сабийхэм дунейм зыхагъэсIуаэз. Ди къащlэнр зыхэтлъагъэр цIыхухэм гукъыдэж еттынырщ, театрыр зэрыгъэлъыдэжр цIыхубэм я фIэщ тщIынырщ.

Къэбгъэльагъуэмэ, «Культура. Ру» Iуэхущlапlэм нэгъабэ «Сказки наших гор» проектыр Налшык къалэм и школхэм щигъэлъэгъуащ. Мы гъэм ар яшащ республикэм и районитхум. Ныбжьыщlэ театрымрэ Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрымрэ я артист щIалэхэрщ Iуэхум хэтыр.

БЖЬЫХЪЭЛI Роза.

Зи пIалъэ имыкI лэжьыгъэ

Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым япэу щагъэлъэгъуащ Грибоедов Александр и «Горе от ума» пьесэм къытращlыкlа спектаклыр. Ар ягъэуващ КъБР-м и Iэтащхьэм республикэм и къэрал театрхэм «Русская и мировая классическая драматургия» зыфIащa я лэжьыгъэм гъэ къэс яхуих грантымкlэ.

ЛЭЖЬЫГЪЭМ и режиссёрыр Москва щыщу къыргъэблагъэ Понаровский Антонц, фэильхьэгъуэхэр зыгъэхьэзырар Кузьмина Жаннэщ, художник Дэцыхрхьуей Рузанэщ сценэр спектаклым хуэзыгъэхьэзырар.

XIX лIэщlыгъуэм и апэ Iыхьэм Грибоедовым и Iэдакъэ къыщlэкlа тхыгъэр зытеухуар ди нобэрей гъащlэм пэжыжьэ хуэдэу кьыпщlыхьуми, театреплъхьэм щIэщынэу ящlыхъуащ. Абы и щхьэусыгъэр зыхъулIэгъуапхъэу къэслъытэр цIыхугъэ, лъагъуныгъэ, напэ, дуней тетыкlэ, щIэныгъэ-щIэныгъэнщагъэ, гъэса-мыгъэса, мылъкум щигъэкlа жьихуэтIэу жылагъуэм къыдэгъэзгурыкlуэу хабзэхэр зыщlыпIи зэрымыкlуарщ, зэманым елъытауэ мащlэу зихъуэжауэ фIэкlа.

Пэжыр жыIэнымэ, сыхьэти 4-м щIигъукlэ екlуэкI спектаклыр кьохьэлъэкlынри хэлъщ. ауэ зигу дыхьахэр и кIэм нэс еплъащ. Яэныкъуэхэм ар и кIэм яхунэгъэсакъым, театреплъэр апхуэдизэ зэманкlэ екlуэкI лэжьыгъэ зэремысам кьыхэкlыу. Къужьыпапхъэщ, Налшык зыщагъэпсэхуну е я узынщагъэр щагъэфIэкlуэну нэгъуэщI щIыпIэхэм кьикlа куэд спектаклым ясIэзрыкlуари. Ар и щIыхьэтщ Щlыщагъутlкlэ узэIуб5кlыжьмэ ятха пьесэм ноби щIэупщlэ зэриIэм.

Урыс драмэ театрым кьинэмыщIауэ, республикэм и нэгъуэщI театрхэм я актёрхэри спектаклым удихьэхыу щыджэгуащ - Тэмаэз Лиуан, Тубай Рае, Жыкъуэ Аскэр, Къузныкъуей Залинэ, Карнауховэ Татьянэ, Нало Георгий, Шыкъуэ Аскэр, Толстовэ Евгение, Сторожевэ Анастасие, Малишевская Марие, нэгъуэщlхэри.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Дзюдо

Борэн Инал псоми ятокIуэ

Алтай крайм щыщ Барнаул къалэм и «Титов Арена» спорт комплексым щекIуэкIащ Урысей Федерацэм дзюдомкIэ пашэныгъэр ящыщыхьыным зэхуэдэгъэхуэ. Ар и фэеплъу щытащ къэралым и спортсмен цIэрыIуэ Шкалов Владимир. Зэпеуэм зыкъыгъэхьэлIащ УФ-м и щIыналъэхэм ящыщу 76-м кьикIа, зи ныбжьыр илъэс 18-м щхьэдэмыкъэ бэнакIуэ ныбжьыщIэхэу, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 800-м нэблагъэ.

ДИ гуапэ зэрыхъущи, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ дзюдоист Борэн Инал килограмм 60 зи хьэлъагъэхэм я бжьыщ медалыр къыщихьащ. КIэух зэпеуэм и апэ дакъикъэм абы къыпэщlэта Архипов Славэ къытридзэри, очко бжьгъэкlэ ефIэкlащ, иужькlи, къэмыувыIэу бэнащ икlи игъэлъэгъуа Iззагъэм щхьэкlэ «ваза - ари» жыхуаIэр къратри, текIуэныгъэр ди щIалэм къыхуагъэфащащ.

«ТекIуэныгъэм я нэхъыбI дыдэр ар уи хьэрхуэрэгъум уебгъэрыкIуэ зэпыту къэпхьырщ. СыкъэмыувыIэу сыкIуэтэн хуей хъуащ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр кIэух зэIущIэращ, ар икlи псом нэхърэ нэхъ гугъущ. Абы къыдэкIуэу, сэ схуэдэуи си хьэрхуэрэгъури Iэ сэмэгути, тIэкIу сыкъэпльахьэрт, «сызэрылажьэ» Iэр тэмэму къыхсхуэгъэсэбэпыртэкъым.

Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам ухэхуэным щIыхьшхуэ пыIпщ икlи пщIэшхуэщ. Нобэ фIэкIа мыпхудэ екъуIэныгъэшхуэ къэсхьакъым - схуэзфIэкIыу хъуар Барнаул къыщызгъэлъагъуэри, дыщэ медалыр къэсхьащ. Пэжыр жыIэмэ, арат си мурадари», - яжриIащ журналистэм Борэным, щыбзэна утыкум къикIыжа нэужь.

Зэхьэзэхуэм и домбенкъ медалри къэзыхьар адыгэ щIалэщ - килограмм 81-рэ зи хьэлъагъэм я деж щыбзанэ Мамий Астемыр. Зэпеуэм и етIуанэ къекIуэкIыгъуэм абы къытекIуащ Свердловск областым щыщ Задерин Георгий икlи ар хагъэхьащ домбенкъ медалым щIэбэныну гупым. Мыбдеж Астемыр апэ зэIущIыгъэр екIуу къихьащ. Икlи «финал цIыкIум» щыIущIащ Санкт-Петербург къалэм къикIа бэнакIуэ Богданов Владимир. Зэпеуэм хуэхаха зэманым и апэ дакъикъэрэ ныкъуэм къуриубыдэу зэкIэлъхьэжьыжьу «вазари» тIэу къикъри, домбенкъ медалыр зыIэригъэхьащ.

● Щыуэпс

Iэгъэбэгу телъыджэхэр

Абыхэм къыхащlыкI щэлмыл, чырбыш, ракетэр зэрылажьэ гъэсынпхъэ, уеблэмэ илъэс мелуан бжьыгъэкIэ узэIебэкIыжьмэ Щlым и тепщэу щытар ахэрщ! Ауэ щыхъуэкIэ, сыт Iэгъэбэгъуэхэр зищlысыр: псэущхьэ, хьэмэрэ къэкIыгъэ?

ЩIЭНЫГЪЭР къыздэгъуэнахуэрэ, цIыхур къэзыухъуреихь псори къэкIыгъэрэ псэущхьэрэ жиIэу зэхидзу къэгъуэгурыкIуащ. Иужьыдыхэлъ къыздэгуэкI налъэ щхьэхуэхэмрэ бактериехэмрэ зэрыщlыпIэр кьыщицIар абы. Ауэ, къыздэгущlэкIымкIэ, щыIэщ иджыри зы лIэужьыгъуэ, псэущхьэхэми къэкIыгъэхэми ящымыщу, ауэ я тIуми и щыгыкIэ зэхуэмыдэхэр яхэлъу - Iэгъэбэгуэр.

Iэгъэбэгум и щытыкIэхэмрэ зэрызэщхьэщидз лIэужьыгъуэхэмрэ иджыри 18-нэ лIэщlыгъуэм ящIэу щытами, ар къудамэ щхьэхуэу биологием идж щхьэпэр 1970 гъэхэрщ. КъызэрыщlэкlамкIэ, абыхэм фотосинтез яхуэщlыртэкъым (углекислэ гъуэз зэщlашэу, кислород къауатIыпщу), сыту жыIэмэ я Iуэхур зезыгъакIуэ хлорофилл япкърылытэкъым. ЩIэныгъэлIэр абы нэхъ набдзэгубдзаплъэ кIэлъыплъа нэужь, къахутащ псэущхьэхэм хуэдэу Iэгъэбэгуэхэм я лъахъыщхьэмкIэ щIыгуфIыкIуащ. Иужьыдыхэлъ къыздэгуэкIыжьу, псэущхьэхэр жьэкIэ щхэуэрэ, лъатэкIэ щхьныр зэрагъэткIум хуэдэкъым Iэгъэбэгум и щхэкIэр, атIэ, япэщlыкIэ щIым гын хаутIыпщхьэ, щхьныр ягъэткIуи, къэкIыгъэм псыр зэрызэщlишэм хуэдэу, щхьныр щIым кIыщIафэкIыжу аращ. Мыбдеж гурыIуэгъуэ мэхъу Iэгъэбэгуэхэр къэкIыгъэхэми псэущхьэхэми щIыхамыбжэр.

Иджыри зы гъэщlагъуэн гуэр къахутащ биологэм: Iэгъэбэгуэхэм псэущхьэхэм хуэдэу, щхэ нэужь, мочевинэ кIапкърыкIырт икlи тхьэмащlыгъуэм и гъэтIылъыгъэхэм ящыщу гликоген (уэгъу, гьей къэхъуэ жиIэу, Iэпкълъапкъыр тхьэмахуэ бжьыгъэкIэ зэрыпсэуфыну, игъэтIылъ пкъыгъуэ) япкърылът.

АтIэ, псэущхьэхэм нэхъ екIуалIэмэ, щхьэ абыхэм хамыбжаРэ?! ЩхьэусыгъуэI нэхъыщхьэу щIэныгъэлIэхэм къагъэлъэгъуар - Iэгъэбэгуэр псэущхьэхэм хуэдэу зэрызэмыкIуэфырыц. Къыщынэмыщlауэ, псэущхьэхэр хэхъуэрэ балигъыпIэ иуэзу, адэжкIэ жьы хъыр щlадзэмэ, Iэгъэбэгуэр игъащlэ псокIэ хохьуэ икlи зэи жьы хъуркъым, зэрытIэпIыкIыу, нэхъ иныжь хъууэ зиубгъу мыхьумэ. Псалъэм папщIэ, 1980 гъэхэм Мичиган къыщагъуэтауэ щытащ гектар 37-рэ зубыда Iэгъэбэгу, илъэс мини 2,5 ныбжьым иту!

Iэгъэбэгуэр щхьэхуэ зышlу иджыри зы Iэхуэгъуэ... Ахэр псори зы лIэужьыгъуэм хабжэми, Iэмал зэхуэмыдэхэмкIэщ зэрыбагъуэр: зыр адрейм къикIыкIыу; напъэхэр загъэшу; псэущхьэхэм хуэдэу, зэхъу-зэбзым я зэхуакъ къыдэкIыу. Ар зэлъытэжар щlыуэпсым и фIагъымрэ дунейм и щытыкIэмрэщ.

Дунейм тетщ Iэгъэбэгу лIэужьыгъуэу мелуанрэ ныкъуэрэ. Абыхэм ди гъащlэм щагъэзащlэ мыхьэнэр апхуэдизкIэ инщи, къыпхуэмыхутэным хуэдэщ. Ахэр хэлъщ псыми, щIыми, щlы щхьэфэми. Iэгъэбэгуэхэм щIыр ягъэщабэ, ягъэпшэр, псэущхьэ куэдым я щхьныгъэм, лъатэмкIэ, щIэныкIэ хущхъуэхуэщ. Абы лъэпкъ щхьныгъуэхэм ящыщ зэрищlам къищынэмыщlауэ, тхьэбгъэтэджу къагъэсэбэп, фадэ зэмылIэужьыгъуэхэр ирагъэфIэну, антибиотик, хущхъуэ зэхуэмыдэхэр къыхащlыкI.

Iэгъэбэгу лIэужьыгъуэ 200 щыIэщ, хьэщхьэрыIуэхэм хабжэу. Абыхэм хъуэ ягъэуври, хьэмбылуу къаубыдурэ яшх (ягъэткIуурэ). Яэныкъуэхэм хьэмбылу гъунэгъу къащlыхуэхъуэм деж хъыдэрри, къаубыд. Ауэ ахэр хьэщхьэрыIуэу къыгъэщlауэ аракъым, атIэ зытет щIым и пшэрыр щlэкIа нэужь, замыгъэлIэн щхьэкIэ я псэущхьэ гупсысэкIэр «щIагъанэу» аращ.

Гиромитрин жьыуиIэр Iэгъэбэгу зэмылIэужьыгъуэхэм япкърыщ. Апхуэдэ Iэгъэбэгу щIыхум ишхмэ, и псантхэри, тхьэмащlыгъри, лъатэри, кIэтIийхэри напIэзыпIэм зэтрикъутэнурэ, иукIынуц. Ауэ я гиромитиныр хъэршым игъэльатэ ракетэхэм гъэсынпхъэу ирагъахьэ.

Дэ Iэгъэбэгуэр зэрытлъагъэм хуэдэу щыкIу ди гуГэщ. Ауэ, абыхэм нэхърэ нэхъ псэущхьэ ин дунейм теткъым! Иджы дыдэ кьахутащ опёнок жьыуаIэ Iэгъэбэгу, и лъахъыщыр гектар 910-кIэ иутIыпщауэ, ешым илъэс мини 8 и ныбжьу. Ауэ ахэри пщигъэгъупщэжьну Iэгъэбэгу абрагъуэхэр щыпсэуащ Щlым илъэс мелуан бжьыгъэкIэ узэIебэкIыжьмэ. Тафэр иджыри зэщlимыгъэсыу, континенти 7-ри зыуэ щыщlатIэ лъэхъэнэм зы жьг закъуэ темыту, зэрыщlыту жьыгыцрэ Iэгъэбэгурэт, ящыныкъуэхэр метри 9-м нэсу лъагэу, зы метр я гъумагъыу.

ФЫРЭ Анфисэ.

«Урысейм и сабийхэр-2023»

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъэкIуэкIым кIэлъыплъныныкIэ и управленэм щызэхэтащ «Урысейм и сабийхэр-2023» Iуэхум и етIуанэ Iыхьэр республикэм щэкIуэгъуэм и 13 - 22-хэм зэрыщекIуэкIынум щытепсэлъыхьа зэIущIэ.

IУЭХУМКIЭ я мурадыр щIалэгъуалэр наркоманием демыгъэхьэхыныщ, ахэр наркотикхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ игъэкIыным пыщIа щIэнхъаджагъэм хашэныр къэмыгъэхъуныщ, апхуэдэуи афиянхэкIхэр зэхьэлIэным къыркIуар, ар щэным зыпызыщlэм жэуап зэрихьым жылагъэр щыгъуазэ щIыныщ.

Къызэрыхагъэщащи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ псоми щагъэкIуэкIынущ мы Iуэхуэр, балигъ мыхъуахэм гурагъэIуэнущ наркотикхэкIыр зэхьэлIэным и зэранныгъэр. Апхуэдэуи ныбжьыщlэхэр куэду щызэхуэс щIыпIэхэр, псэупIэхэр, нэгуэгъэужьыпIэхэмрэ сату щIапIэхэмрэ щIапщытыкIынущ, наркотик зэзыхьэлIэхэр къыщIэгъэщыным хуэгъэзауэ.

Наркотикхэкlхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ игъэкIыным пэщIэт лэжьыгъэм хэтынущ КъБР-м щыIэ МВД-м, Урысей ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, ЩIалэгъуалэм я Iэхуэхмкlэ, Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщыныкIэ, социальнэу хъумэныкIэ, Щэнхабзэмкlэ министерствэхэм я лIыкIуэхэр.

БАХЪСЭН Ланэ.

ЛIыгъэм и дерс

Урысей гвардием и Управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм, экстремизмэм, лъэпкъ, дин зэпэщlэувэныгъэхэр щымыIэным теухуа «Лъагъумыхъуныгъэмрэ зэбиинымрэ ди зэхэтыкIэм кьеззгъыркъым» урысейпсо Iуэхум хьхьэу, Лыгъэм и дерс драгъэкIуэкIащ Арщыдан къуажэм дэт курым еджапIэ №93-м и 10-нэ классым щеджэхэм.

ЗэIуущIэм хэтащ Урысей гвардием и щIыналъэ управленэм и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ, полицэм и полковник, ветеран **Хужьокъуэ Руслан**, Управленэм и лэжьакIуэ, полицэм и майор **Лыкъуэжь Маринэ**, ерэзджэкIуэхэмрэ школым и унафэщlхэмрэ.

Урысей гвардием и лIыкIуэхэм къызэхуэсахэм ягу къагъэкIыжащ 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м къэхъуахэр икlи ныбжьыщlэхэр ирагъэплъащ ведомствэм и Iэнатlэ хэхахэм я лэжьакIуэхэм я теухуа документальнэ фильм.

- Иджыпрэ дунейм шынагъуэшхуэ зыпылъ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ екъэлIахэр, уеблэмэ, жылагъуэм и зэпIэзэрыгъэгъэмрэ зэIузэпэщlыгъэмрэ зэран хуэхъуфыну псори, - кIыхьисэщащ Лыкъуэжь Маринэ.

Хужьокъуэ Руслан жиIащ щIалэгъуалэм профилактикэ Iэху ядегъакIуэкIыныр зи гугъу ящI къэхъукъащlэхэм уаззэрыпэщlэтыну унэтIныныгъэ нэхъыщхьэу зэрыщlытыр.

Школым и унафэщlэхэмрэ еджакIуэхэмрэ хьащlэхэм фIыщlэ хуащlащ псоальэмакъ щхьэпэм щхьэкIэ.

БАХЪСЭН Аазэмэт.

● Бэнэкlэ хунт

Медаль зырыз къахьащ

Белоруссием и къалащхьэм иджыблагъэ щекIуэкIащ Олимп джэгухэм алыдж-урым бэнэкlэмкlэ я чемпион Карабаев Олег и фэеплъ дунейпсо зэхьэзэхуэ. Мы гъэм ар 27-нэрэ ирагъэкIуэкIащ. Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту Минск къалэм щыIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ бэнакIуэ щIалиплI икlи абыхэм псоми медаль зэхуэмыдэхэр зэпеуэм къыщlахьащ.

КILОГРАММ 55-рэ хьуэр зыхэт гупым я деж дыщэ медалыр щызэIуригъэхьащ Кабалоев Виталий. И Iэзэгъакlэ ефIэкlащ, апэ зэIущIищыр и хьэрхуэрэгъуэхэм къафIихьри, кIэух зэхьэзэхуэм ар щебэнащ Узбекистаным и спортсмен лъэщ Ортикбоев Жасурбек. Абы гугъу дехьу къыфIихьащ зэпеуэр, бжьигъэр 2:1-уэ. Апхуэдэ щыщlэкIэ, апэ дыщэ медалыр УФ-м и командэм къыхэхъуащ.

Кабалоевым иужькlэ КIэмпIапэ Мурат щытекIуащ килограммри 130-рэ зи хьэлъагъэр щыщlэнэ гупым икlи абыи апэ увыпIэр къихьащ. КIэух зэхьэзэхуэм абы щыхигъэщlащ ди командэм щыщ бэнакIуэ Шишхов Юрэ.

Килограмм 67-рэ хьуэр щызэпеуэ гупым етIуанэ увыпIэр къыщlихьащ БищIо Астемыр, ардыдэм ещанэ щlыхъащ ГуIэжьэй Iэдэм.

Караваев Олег и фэеплъ дунейпсо зэхьэзэхуэм Урысей Федерацэм и командэм псори зэхэту медаль 17 щlыщlихьащ, абыхэм яущыщу 6-р дыщэу икlи къэралхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Тау Миленэ и ехъулIэныгъэ

Дзержинск къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ Новгород Ищхъэрэ областым и губернаторым и Кубокыр сумомкIэ къэхьыным хуэзыдзэхуэ. Абы хэтащ къэралым и щIыналъэ зэхуэмыдэу бгъум я бэнакIуэ 200-м щигъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым икIуэу зэхьэзэхуэм спортсменитI хэтащ. Килограмм 65-рэ зи хьэлъагъэм я деж зыкъыщlызыгъэлъэгъуа Тау Миленэ зэIущIищ ирагъэкIуэкIати, псори кьыхьащ икlи апэ увыпIэр иубыдащ. Хьэджэбз ныбжьыщlэм и тренерыр Бэджыдэ Рустамщ.

Къызэдгъэщlынщи, Кавказ Ищхъэрэм щыщу Урысей Федерацэм спортымкIэ и мастер цIэ лъапIэр сумомкIэ япэу зратар Тау Миленэщ.

«Спортыр наркотикым и бийщ» къыхуеджэныгъэм щIэту щIыналъэхэм атлетикэ псынщlэмкIэ я зэхьэзэхуэ иджыблагъэ Бахъсэнёнкэ къуажэм щекIуэкIащ. Спортсменхэр зэпеуащ гъущI бжьы папщIэмрэ жэз хъурей пIащlэмрэ дзынымкIэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкIэ и министерствэм Олимп джэгухэм хэтыфрынуэр щагъэхьэзыр и спорт еджапIэм и гъэсэнхэр икlи екъуIэныгъэфIэхэр къагъэлъэгъуащ.

Бжьр нэхъ жьжьэ дзынымкIэ щIалэхэм я деж етIуанэ щыхъуащ Хьэкlагуэ Азэмэт, хьыджэбзэхэм ящыщу апэ увыпIэр къихьащ Щакъ Залинэ, етIуанэ хъуащ Цагъуэ Саидэ.

Жэз пIащlэр дзынымкIэ ТхьэмытlкIокIуэ Арсен апэ, Щхьэгъуэ Залым етIуанэ, Шублакъ Руслан ещанэ хъуахэщ.

Хьэджэбз щыкIуэхэм я деж Щакъ Залинэрэ Цагъуэ Саидэрэ етIуанэ, Щоджэн Рианнэ ещанэ увыпIэр къыщlахьащ.

БЭТОКЪУЭ Алыдж.

НыбжьыщIэхэр зэпоуэ

УнафэщI-редактор
ШИРДИЙ Маринэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэ)*, **Жьэкlэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым -42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ - 40-15-31; хъыбарыщlэхэмрэ спортымкlэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; суэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iэхуэщlапlэм ятхащ

ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщlапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1 625
Заказыр №2494

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщlыхьа бжьыгъэхэм, къыщlэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ** *(1, 4-нэ нап.).*

Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.